Къеблагъэ, Илъэсыщ!

ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКIУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКI

№250 (22.908) ● 2014 гъэм дыгъэгъазэм (декабрым) и 31, бэрэжьей ● Тхьэмахуэм тхуэ къыдокI ● И уасэр зы тумэнщ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

ИлъэсыщIэм теухуауэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Юрий цIыхухэм ЗЭРЫЗАХУИГЪАЗЭР

Ныбжьэгъу лъапIэхэ!

Дызэрыт илъэсыр мыгувэу ихынурэ ар ди тхыдэм хыхьэнущ. Зэрыщыту къапщтэмэ, дэ ар хъарзынэу етхьэкIащ. Экономикэр зэрехуэхыр кIыхьэтедгъэувыIэри, дэ ар зэпIэзэрыт зыужьыныгъэм и гъэзэгум тедгъэувэн, жылагъуэ-политикэ щытыкIэр дгъэтэмэмын, шынагъуэшагъэ нэс кIыхьэдгъэпэщын тхузэфIэкIащ. Къэралым тхыдэ мыхьэнэ иIэу къыщыхъуа Iуэхухэр ди республикэми щызыхащIащ, абыхэм ди цIыхухэр нэхъри быдэу зэкъуагъэуващ.

Социальнэ IэнатIэр къапщтэмэ, зыхуэдгъэувыжауэ щыта къалэнхэр къыдэкъуIащ, сабий саду, школу, узыншагъэр хъумэнымкIэ Iуэхущ1апIэу, спорт комплексу, щэнхабзэ центру, гъэзугу куэд хьэзыр ящIащ. Щэч хэмылъу, а псоми цIыхухэм я гъащIэр ирагъэфIакIуэ.

Дызэрыт илъэсым республикэм и Парламентыщ1эр хахащ, Правительствэм, щIыпIэ унафэр зезыгъакIуэ органхэм, нэгъуэщI унафэщI Iэнатlэхэм я Iэтащхьэхэр къагъэщIэрэщIэжащ. А псори зытеухуар властым и лэжьакIэр гъэтэмэмынырщ, республикэм и цIыхухэм я псэукIэр егъэфIакIуэным хуэгъэзауэ абы къищтэ унафэхэр нэхъ нэсу пхыгъэкIынырщ.

ПщIэ зыхуэсщI ныбжьэгъухэ!

Псори фызэрыщыгъуазэщи, къэралым и тхыдэм къриубыдау абы гъэунэхуныгъэ хьэлъэхэр къыхуихащ, къару зэмылIэужьыгъуэхэм къызэрытракъуэзм къыхэкIыу. Мис иджыри Урысейр къаруушэ ящIыну, абы дуней псом щIэ пщIэмрэ зэфIэкIымрэ ягъэлъэхъшэну хущIокъу. Шэч къытесхьэркъым апхуэдэ мурадыр зыми къызэремыхъулIэнум. Сыт щыгъуи хуэдэу, Урысейр дэтхэнэ текъуэзныгъэми пэщIэтэну икIи езым и сэбэп зыхэлъхэмрэ и суверенитетымрэ ихъумэжыну хьэзырщ. Шэч къыщIытепхьэн щыIэкъым Урысейм игъащIэкIэ къуэтыну илъэсищэ зыбжанэ япэкIэ ди адэжьхэм ятауэ щыта псалъэм зэрыхуэпэжыр зи чэзу гъэунэхуныгъэхэм я лъэхъенэм Къэбэрдей-Балъкъэрым и цIыхубэм наIуэу къыззрагъэлъэгуэнум.

Ныбжьэгъу лъапIэхэ!

2015 Илъэсыщ1эм дэ мурад дахэхэр диIэу, ди къарумрэ ди зэфIэкIымрэ дыкъагъэгугъэу дыхохьэ. Быдэу си фIэщ мэхъу сыт хуэдэ гугуеухьэр къытлъыкъуэмыкIми, ахэр къызэрызэдзэкIыфынур икIи ди мурад нэхъ ин дыдэхэр зэрыдгъэзэщIэнур. А мурадхэр нэхъыщхьэ дыдэу зыхуэгъэзар дэ, псом япэу ди щIалэгъуалэр, тэмэму, насыпыфIэу, зыхуей ягъуэту, мамырыгъэрэ зэгурыIуэныгъэрэ яхэлъу икIи шынагъуэншэу псэунырщ.

Илъэсыщ1эм цIыхухэм нэхъыфI дыдэу ялъагъу гуфIэгъуэхэм ящыщщ. Ар къахуэмыгъэсу сабийхэри балигъэри поплъэ. Хабзэ хъуауэ, жьэгу пащхьэм дэтхэнэ унагъуэри щызэхуосыж. ИкIи иджыпсту дэтхэнэ унагъуэми я гуфIэгъуэр хэлэтыкIащ, сыту жьыпIэмэ зэIыхьлыхэр зэхуэгуапэу зэхохьэ, зыр адрейм зэригъэфIныкмрэ зэригъэгушхуэныкмрэ хэту.

ЦIыхум гугъэмрэ фIэщхъуныгъэмрэ къыхуигъэщIащ. АтIэ дэрэ ди Iыхьлыхэм девгъэхъуэхъу зыхуэпIлъэ псоми тIэбэну, я хъуэпсапIэхэр къехъулIэну.

Къэбэрдей-Балъкъэрым и псоми дызыхьхьэ илъэсым узыншагъэ быдэ, насып, екъулIэныгъэ, ефIэкIуэныгъэ яIэну си гуапэщ.

2015 ИлъэсыщIэмкIэ псоми сохъуэхъу!

● ЩIэ

КIуэкIуэ Юрий: Щэнхабзэм и илъэсыр зэхудощIыж, ауэ абы дызэрыхущытым зеугъэхъуэжыркъым

КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Юрий дыгъуасэ зригъэлъэгъуащ Курортым щэнхабзэмкIэ и унэр зэрызэрагъэпэщыжар. Iуэхущ1апIэм кьегъэщIыIа щIым деж щыщIэдзауэ ар сыт и лъэныкъуэкIи зыхуей хуэгъэзащ.

МЫ ГЪЭМ мэкъуаугъуэм и 6-м унэм и щытыкIэр зыхуэдэр зригъэлъэгъуа иужь, республикэм и Iэтащхьэм унафэ ищIат зэман кIэщIым къриубыдэу а Iуэхущ1апIэр нэсу зэрагъэпэщыжыну. Республикэ бюджетым къыхэкIыу абы хухахащ сом мелуан 80. Мазэ бжыгъэм къриубыдэу Курортым щэнхабзэмкIэ и унэр зэпэщ ящIыжащ. ЗанщIэу гу лъыботэ унэм и щIыхьэпIэм и щхьэм деж лъэпкъ щэнхабзэм ухэзышэу тращIыхьа сурэтышхуэм. Унэм и щIыбыр зэрызэрагъэпэщыжам арэзы къызэрищIар жиIащ КIуэкIуэ Юрий икIи къыхигъэщащ абы и хъурейгъкIэ щхьэантIагъэ къетъэтIысэкIын зэрыхуейр.

Курортым щэнхабзэмкIэ и унэм и пэщэхэр инщ, хуитщ, дахэщ. Республикэ Унафэщ1ым ирагъэлъэгъуащ артистхэм зыщагъасэ пэшыр, цIыху 500 зыщIэхуэну концерт пэшышхуэр.

- «Кабардинка» ансамблыр илъэс 80 ирокъури, нобэ къызэдэсым абы иIакъым хуиту здыщIэсын унэ, илъэгъуакъым мыпхуэдэ дахагъэ. КъэфакIуэ гупхэм къабгъэдэкIыу фIыщIэ фхудощI апхуэдэ тыгъэ къызэрытхуэфщIам папщIэ. Дэ республикэм и щэнхабзэр едгъэфIэкIуэныжмкIэ тхузэфIэкI къэдгъэзэнжкъым. Къафэм и псоми къагуроIуэ, абыкIэ ди щэнхабзэр зыхуэдэр утыку куэдым щыдгъэлъэгъуэнщ, - жиIащ «Кабардинка» ансамблым и художественнэ унафэщI Атэбий Игорь.

Илъэситху мэхъу Курортым щэнхабзэмкIэ и унэм концерт щат и пэшым и утыкум зыри къызэримыхьэрэ. Iупхъуэр зэIуахри, абы и утыкур хуит хуащIащ Нартан къуажэ щыщ «Вагъуэ цIыкIу» ансамблым. Абыхэм къажIэлъэкIуэу утыкум я зэфIэкI щагъэлъэгъуащ «Кабардинка», «Балкария», «Терские казаки» ансамблхэм.

- 2014 гъэр Щэнхабзэм и илъэсу екIуэкIащ, - жиIащ КъБР-м щэнхабзэмкIэ и министр Къумахуэ Мухьэдин. - Абы къриубыдэу мыхьэнэшхуэ зиIэ Iуэхугъуэ куэд зэфIэдгъэкIащ. Абыхэм ящыщщ щэнхабзэ Iуэхущ1апIэ куэд къызэрагъэщIэрэщIэжар, республикэм и библиотекэхэм компьютерхэр яIэ зэрыхъуар, творческэ пшыхьхэр, фестивалхэр зэрызэхашар, щэнхабзэм, гъэзэджэм и цIыху зэчиифIэхэм ират стипендием зэрыхэхъуар, нэгъуэщIхэри. Ар щIэдзапIэу аращ, апхуэдэу щытми, республикэ унафэщIхэм яхузэфIэкI ящIащ щэнхабзэм и лэжьакIуэхэм я пщIэр къаIэтыным, абыхэм жылагъуэр зэрагъэбжьыфIэр зыхрагъэщIэным теухуауэ.

Щэнхабзэм и илъэсым кърахьэжьа Iуэхуфlхэм адэкIи зэрыпащэнур, абы и лъэныкъуэкIэ иджыри зэфIэтгъэкIыпхъэу къапэщылъхэр зэрымымащIэр къыхигъэщащ КIуэкIуэ Юрий.

- Мы Iуэхущ1апIэр ди республикэм и щIалэгъуалэ зэчиифIэм я зэхуэсыпIэ зэрыхъунум сэ щэч къытесхьэркъым, - жиIащ республикэ УнафэщIым. - ЕхъулIэныгъэ фиIэну сынывохъуэхъу. Щэнхабзэм и илъэсыр зэхуэдощIыж, ауэ абы дызэрыхущытым зедгъэхъуэжыркъым. Ар дяпэкIи япэ идгъэщыпхъэ, едгъэфIэкIуэну Iэнатlэхэм зыщыщ.

ЩХЬЭЩЭМЫЩI Изэ.

● КъБР-м и Правительствэм

ПсэукIэр дяпэкIи едгъэфIэкIуэнущ

Къэбэрдей-Балъкъэрым и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Юрий дыгъуасэ иригъэкIуэкIащ Правительствэм хэтхэм я зэIущIэ. Абы кIэщIу къыщызэщIакъуэжащ илъэсым зэфIагъэкIахэр, дызытехьэ гъэм я мурадхэри къыщагъэлъэгъуащ.

- 2014 гъэм мылейуэ кьетхэлIащ, социально-экономикэ унэтIныныгъэ зэхуэмыдэхэм зыужьыныгъэхэр щыдиIащ, - жиIащ республикэм и Унафэщым. - Мы гъэм дэ тхузэфIэкIащ щэнхабзэ, егъэджэныгъэ, узыншагъэр хъумэн, спорт Iуэхущ1апIэхэм ящыщ куэд къздгъащIэрэщIэжын. Абы и лъэныкъуэкIэ зэдгъэхъулIэфахэр къыхэщIэнкъуэжмэ, наIуэ мэхъу сыт хуэдэ Iуэхури зэрыгтхузэфIэгъэкIынур. Дызытехьэ и илъэсыр къапщтэмэ, къэралымкIи ди республикэмкIи ар тыншу щытынукъым. Абы емылъытауэ, дэ дыхущIэкъун хуейщ псэукIэр зэредгъэфIэкIуэным.

КIуэкIуэ Юрий и псалъэм къыхигъэщащ гулъытэ зыхуащIын хуей унэтIныныгъэхэр. Апхуэдэхэщ промышленностым, мэкъумэш Iэнатlэм къалэжьым хэгъэхъуэныр, уху энныгъэхэр нэхъыбэ щIыныр, ди щIыналъэм и щIыпIэ дахэхэр, зыгъэпсэхупIэхэр фейдэ къапэкIуэу къзгъэсэбэпыныр. ПсэупIэ-коммунальнэ хозяйствэм и Iуэхутхьэбзэхэр къызэрызэрагъэпэщыр егъэфIэкIуэным, а Iэнатlэр къегъэщIэрэщIэжыным хуэунэтIа къалэнхэр яубыхуащ.

- Дызытехьэ илъэсми социальнэ Iуэхуэхэр япэ игъэщыпхъэхэм ящыщу къонэжж, - жиIащ КъБР-м и Iэтащхьэм. - Егъэджэныгъэр къапщтэмэ, а Iэнатlэм зедгъэужьыным адэжкIи пытщанущ. Гулъытэ хэха игъуэтын хуейщ зи школ кIуэгъуэ мыхъуа-кIуэр егъэджэнымрэ гъэсэнымрэ. Щэнхабзэм и илъэсым куэд зэфIэдгъэкIащ. Апхуэдэу щытми, зым и дежкIи щэхукъым къуажэхэм дэт Щэнхабзэмкlэ унэхэм я щытыкIэр зыхуэдэр, мис абыхэм зыгуэр етщIэн хуейщ. Медицинэ Iуэхущ1апIэ куэд мы илъэсым республикэм щыдухуащ. Иджы дыхущIэкъун хуейщ цIыхухэр зыхуэныкъуэ медицинэ Iуэхутхьэбзэхэр фIагъ лъагэ яIэу абыхэм щыхащIэу я лэжьыгъэр зэтеублэным. Медицинэм и пэщIэдзэ Iэнатlэр егъэфIэкIуэн хуейщ, а унэтIныныгъэм зыужьыныгъэ гуэр дыщIэн папщIэ.

Физкультурэмрэ спортымрэ цIыхум и гъащIэм увыпIэ щхьэхуэ зэрыщыIигъым къытеувыIащ республикэ УнафэщIыр. Спорт ухуэныгъэхэр псэупIэ хьэблэхэмрэ еджапIэхэмрэ къыщызэIуахын зэрыхуейр, абы цIыху нэхъыбэ дегъэхьэхьныжмкIэ щIапхъэхэр къыхигъэщащ.

- Гъэ дызытехьэм Текlуэныгъэ Иныр илъэс 70 ирокъу, - жиIащ КIуэкIуэ Юрий. - Ди ветераншхэр сыт и лъэныкъуэкIи зыхуей хуэдгъэзэн хуейщ. Абыхэм епха дэтхэнэ зы Iуэхуми мыхьэнэ иIэщ. ПсэупIэ хуэныкъуэхэр унэкIэ къызэгъэпэщыпхъэщ, апхуэдэ щытыкIэм нобэ ахэр къызэрихутар къезэгъыркъым. Аращи, я гъащIэр нэхъ тынш зэращытщыным иужь дивгъэт.

Республикэ Унафэщым министрхэр къыхурижджащ федеральнэ Iуэхущ1апIэхэм жыджэру ядэлэжьэну, къыхалъхьэ программэхэм кууэ зыщагъэгъуазэурэ абыхэм хьыба зэрыхъунум хущIэкъуну. Абы елытащ щIыналъэм и социально-экономикэ щытыкIэр зыхуэдэнур.

- Iуэхум ижь дыщихьэкIэ, дэтхэнэ ди зы лъэбакъуэми къытхуихьынкIэ хъунум тэмэму дегупсысыпхъэщ, - жиIащ КIуэкIуэ Юрий. - ДызэгурыIуэу, езэш дымыщIэу икIи сэбэпынагъ нэхъыбэ къызэрытхьынум дыхущIэкъуу дызэдэлэжьэн хуейщ. Дызытехьэ илъэсым дэтхэнэми жэуаплыныгъэ фхэлъу фи къалэныр ефхьэкIыну сыфщогугъ.

Адэкlэ КъБР-м и Правительствэм и Унафэщ1 **Мусуков Алий** тепсэлъыхьащ илъэсым зэфIагъэкIа Iуэхугъуэ нэхъыщхьэхэм, гугъуехьэр зыхуэдахэм, 2015 гъэм къапэщыт къалэнхэм зэрыхухьэзырыр жиIащ.

ТХЬЭХУЩЫНЭ Ланз.

ФIыщIэ къыхуащI

● Хъыбар гуапэ

Творчествэмкlэ Дунейпсо Академием и Президиумым СССР-м и цIыхубэ артисткэ, академик Сац Наталье и цIэр зезыхьэ Дыщэ медалыр иджыблагъэ къыхуигъэфэщащ «Адыгэ псалъэ» газетым и редактор нэхъыщхьэ, Къабардей Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ, ЩIДАА-м и вице-президент, УФ-м щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ **ХъэфIыцIэ Мухьэмэд**. Хамэ хэрал щыпсэу адыгэхэм я щыIэкIэ-псэукIэм хуищIа хэлъхьэныгъэм папщIэ.

Сац Наталье совет театр режиссёрщ, япэ оперпэ режиссёрщ, тхакIуэщ, егъэджакIуэщ. СССР-м и цIыхубэ артисткэ, Социалист Лэжьыгъэм и ЛIыхьужь, СССР-м и Къэрал саугъэтым, Лениным и цIэр зезыхьэ саугъэтым, СССР-м и Министрхэм я Советым и саугъэтым я лауреат, СССР-м и ТхакIуэхэм я союзым хэта Сац Наталье и цIэкIэ щыIэ медалыр хуагъэфащэ щэнхабзэм, льэпкъ зыужьыныгъэм купщIафIэу хуэлажьэхэм.

● Хъуэхъу

Зи гуащIэр ин

КъБР-м и цIыхубэ усакIуэ, тхакIуэ, журналист Къагыырмэс Борис Хьид и къуэм и ныбжьыр илъэс 80 зэрырикъумкIэ ди гуапэу дохъуэхъу

ПщIэ зыхуэтщI ди нэхъыжьыфIым укъызыхэкIа лъэпкъым и бзэм, литературэм, щэнхабзэм утелажьэу уи гъащIэр бохъ. Уузынщэу, уи кьалэмыр мыубзэщхъуу илъэс куэдкIэ ди апэ Тхьэм уригъэт!

«Адыгэ псалъэ» газетым и редакцэм и лэжьакIуэхэр.

ЩытыкIэр къепщытэ

Къэбэрдей-Балъкъэрым и премьер-министр **Мусуков Алий** дыгъэгъазэм и 29-м щыIащ Лэскэн щIыналъэм щауэ сымаджэщым икIи ар лэжьыгъэм зэрыхуэгъэпса щыкIэр къипщытащ. Абы щыгъуащ Правительствэм и Унафэщым и къуэдзэ - узыншагъэр хъумэнымкIэ министр **Шэт Ирмэ**, ухуэныгъэмрэ псэупIэ-коммунальнэ хозяйствэмкIэ министр **Тутыкъу Анзор**, Лэскэн район администрацэм и Iэтащхьэ **АфIэунэ Аслъэн**, Iэнатlэ щхьэхуэхэм я унафэщIхэр.

Дохутыр нэхъыщхьэ **Гъажэ Мадинэ** щыгъуу, Правительствэм и Унафэщым пэшхэр къиплъыхьащ, зыхуей-зыхуэфIэмкIэ къызэрызэрагъэпэщам щIэупщIащ. МызэкIэ къызэIуахар терапевт, неврологие къудамэхэрщ. Ахэр Iэщ1агъэлIэкIэ ирокъу, зыхуей Iэмэпсымэхэр, техникэр яIэщ, «Дэлэпыкъуныгъэ псынщIэр» жэщи-махуи мэлажьэ.

Шэт Ирмэ къызэрыхигъэщамкIэ, сымаджэщыр федеральнэ гъэзугу зэрыпэгъунэгъум ефIэкIыныгъэшхуэ иIэщ - гъэзугу бзыгIэлум фэбжь хэзыххэр абы псынщIэу нагъэсыфынущ, япэ медицинэ дэIэпыкъуныгъэри щагъэутынущ. Министрыр къытеувыIащ, «Дэлэпыкъуныгъэ псынщIэр» жэщи-махуи мэлажьэ.

Иджы дыхущIэкъун хуейщ цIыхухэр зыхуэныкъуэ медицинэ Iуэхутхьэбзэхэр фIагъ лъагэ яIэу абыхэм щыхащIэу я лэжьыгъэр зэтеублэным. Медицинэм и пэщIэдзэ Iэнатlэр егъэфIэкIуэн хуейщ, а унэтIныныгъэм зыужьыныгъэ гуэр дыщIэн папщIэ.

Физкультурэмрэ спортымрэ цIыхум и гъащIэм увыпIэ щхьэхуэ зэрыщыIигъым къытеувыIащ республикэ УнафэщIыр. Спорт ухуэныгъэхэр псэупIэ хьэблэхэмрэ еджапIэхэмрэ къыщызэIуахын зэрыхуейр, абы цIыху нэхъыбэ дегъэхьэхьныжмкIэ щIапхъэхэр къыхигъэщащ.

- Гъэ дызытехьэм Текlуэныгъэ Иныр илъэс 70 ирокъу, - жиIащ КIуэкIуэ Юрий. - Ди ветераншхэр сыт и лъэныкъуэкIи зыхуей хуэдгъэзэн хуейщ. Абыхэм епха дэтхэнэ зы Iуэхуми мыхьэнэ иIэщ. ПсэупIэ хуэныкъуэхэр унэкIэ къызэгъэпэщыпхъэщ, апхуэдэ щытыкIэм нобэ ахэр къызэрихутар къезэгъыркъым. Аращи, я гъащIэр нэхъ тынш зэращытщыным иужь дивгъэт.

Республикэ Унафэщым министрхэр къыхурижджащ федеральнэ Iуэхущ1апIэхэм жыджэру ядэлэжьэну, къыхалъхьэ программэхэм кууэ зыщагъэгъуазэурэ абыхэм хьыба зэрыхъунум хущIэкъуну. Абы елытащ щIыналъэм и социально-экономикэ щытыкIэр зыхуэдэнур.

- Iуэхум ижь дыщихьэкIэ, дэтхэнэ ди зы лъэбакъуэми къытхуихьынкIэ хъунум тэмэму дегупсысыпхъэщ, - жиIащ КIуэкIуэ Юрий. - ДызэгурыIуэу, езэш дымыщIэу икIи сэбэпынагъ нэхъыбэ къызэрытхьынум дыхущIэкъуу дызэдэлэжьэн хуейщ. Дызытехьэ илъэсым дэтхэнэми жэуаплыныгъэ фхэлъу фи къалэныр ефхьэкIыну сыфщогугъ.

Адэкlэ КъБР-м и Правительствэм и Унафэщ1 **Мусуков Алий** тепсэлъыхьащ илъэсым зэфIагъэкIа Iуэхугъуэ нэхъыщхьэхэм, гугъуехьэр зыхуэдахэм, 2015 гъэм къапэщыт къалэнхэм зэрыхухьэзырыр жиIащ.

ТХЬЭХУЩЫНЭ Ланз.

щыгъуэхэм я унафэщIхэр.

Дохутыр нэхъыщхьэ **Гъажэ Мадинэ** щыгъуу, Правительствэм и Унафэщым пэшхэр къиплъыхьащ, зыхуей-зыхуэфIэмкIэ къызэрызэрагъэпэщам щIэупщIащ. МызэкIэ къызэIуахар терапевт, неврологие къудамэхэрщ. Ахэр Iэщ1агъэлIэкIэ ирокъу, зыхуей Iэмэпсымэхэр, техникэр яIэщ, «Дэлэпыкъуныгъэ псынщIэр» жэщи-махуи мэлажьэ.

Шэт Ирмэ къызэрыхигъэщамкIэ, сымаджэщыр федеральнэ гъэзугу зэрыпэгъунэгъум ефIэкIыныгъэшхуэ иIэщ - гъэзугу бзыгIэлум фэбжь хэзыххэр абы псынщIэу нагъэсыфынущ, япэ медицинэ дэIэпыкъуныгъэри щагъэутынущ. Министрыр къытеувыIащ

КЪАНОКЪУЭ Арсен:

Гугъуехьхэм фейдэ къыхэпхыфын хуейщ

Илъэсым и кIэм ирихьэлIэу ар зэрекIуэкIамрэ дяпэкIэ къалэщхьылъэмрэ хабзэщ. Арауи щIэхъуэсыгъуэ хуэхъуар УФ-м и Федеральнэ Зэхуэсым Федерацэмкlэ и Советым КъБР-м къыбгъэдэкIыу сенатор щыIэ, ФС-м Дунейпсо Iуэхуэмкlэ и комитетым и унафэщIым и къуэдзэ Къанокъуэ Арсен ущIэ зыбжанкlэ зыхуэдгъэзэным.

- Арсен, Урысей Федерацэм и Федеральнэ Зэхуэсым Федерацэмкlэ и Советым щебгъэкIуэкI лэжьыгъэм къызэщIиубыдэжэм укъытхутепсэлъыхьамэ, ди гуапэ.

- Федерацэмкlэ Советыр, фэ зэрыфщIэщи, Урысей парламентым и Палатэ нэхъыщхьэращ, ар нэхъыбэу зи ужь итыр хэгъуэгурэ щекIуэкI псэукIэр зыхуэдэмрэ зыхуэныкъуэкIэрэ федералыпэ властэхэм я деж нэгъэсынырщ. Парламентым и къалэн нэхъыщхьэр къэралым щекIуэкI лэжьыгъэр хабзэкIэ щIэгъэбыдэнырщ, хуитыныгъэр уэзыхуныр щ. Сэ сыщылажьэр Дунейпсо Iуэхуэмкlэ комитетращи, псом япэу ди пщэ дэлъ къалэныр Урысейм и къэрал щыIэ политикэр зыхуей хуэгъэзэнырщ, ар хабзэм къызэригъэувкlэ зэтеухуэзнырщ. Абы къыщынэмыщIауэ, ди комитетым илэжьхэм ящыщщ парламентхэм эздай дипломатиер зэфIэгъэувэнырщ. Мис а парламент дипломатиеращ къэралрахэм я зэхуэку къыдэхуэу гугъуехьэр тэмэму зэфIэкынымкlэ мыхьэнэзыкуэ зиIэр. Фэ зэрыфщIэщи, мы лъэхъэнэм апхуэдэ гугъуехьхэр мащIэхъыкIи.

Къэбгъэтъагъуэмэ, ди комитетым щыщ лIакlэхэу гуп иджыблагъэ КъуэкIыпIэ Пыногъуэ - Сириеи, Ливаниеи, Иорданиеи - щыIэщ. Абы дащыухуззащ къэрал унафащIэхэм, парт нэхъ инхэм я пашэхэм, дин, лъэпкъ зэгухьэныгъэшхуэхэм я тхьамадэхэм. Дэ дытепсэлъыхьащ зэманым къытхуэдихьа Iуэху гугъу куэдым, абыхэм яцIыщщ, псалъэм папщIэ, дунейпсо экстремизмэмрэ терроризмэмрэ япщIэтынкlэ. Апхуэдэуи и гугъу тщIащ сату-экономикэ зэпыщIэнгъэхэр, парламент зэдзэкlэныгъэхэр егъэфIэкIуэн зэрыхуейм. Къыхэзгъэщыну сыхуейт Сириемрэ Иорданиемрэ щыIэ Адыгэ ФIыщIэ Хасэхэми и тхьамадэхэм дазэрыущIар. Ахэр зыхэт гугъуехьым теуауэ лъэIуэр яIэт, Урысейм и унафэщIэм яIэрыдгъэхьэжьиным щIэлъэIуати, гуапэтэншэу къэдгъэнакъым. ЛъэIУ тхыгъэр урысыбзэкlэ зэредгъэзэкIауэ, мыгувэу къэрал унафэщIым и пащъхэ итлъхьэну араущ, - **Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и унафэщIэмрэ КъБР-м къыбгъэдэкI сенаторымрэ дауэ фызэпыщIа, дауэ фызэдэлажьэрэ?**

- Федерацэмкlэ Советым ди республикэм и Гъэзэщlакlуэ властым и лIыкIуэу сыщыIэу араущ, псом япэу си къалэныр федеральнэ, республикlэ къулыкъущIапIэкlэр тыншу зэдэлажьэным сыхуэщхьэным сыщIэзэпэнырщ, республикэм щыпсэуэрэ я гукъеуэгъэм гулыитэ хуегъэщIынырщ. Ар хэгъуэгур нэхъ зыхуэныкIуэ хабзэ гуэр къегъащтэнра ирехъу, е инвесторхэр къеIэзэ-



Ди республикэм ис псоми къабгъэдэкIыу Джылахьстэней щIалъэм щыпсэухэм илъэсыщIэмкIэ сынывохъуэхъу. Нэхъыбыфlхэр ди жьантIэ дэмыкIыу, ди нэхъыщIэхэм дахэгъушхуэу, хабзэ дахэр я псэукIэу, я анэбзэр псэм хэмыкIыу лъэпкъ узыншэ дыхъуну. КъБР-м лъэпкъыу исым, ди зэныбжьгъуитыгъэ багъуэ зэпыту, Илъэсыщlэм и хъуржыныр фIыгъуэ защIэкlэ гъэнщIауэ, хэхъуэ куэду къытхуихьыну, дыузыншэу декIуэкIыну сыфхуохъуахъуэ псоми!

ЕМКIЪУЖ Хьэсэнбий,
Джылахьстэней Адыгэ Хасэм и тхьамадэ.

теухуауэ Президентым къищта унафэр гъэзэщIа хъумэ.

Къэралым и ахъшэм и пщIэр къыздэхуэхэр экономикэм дежьи удын хьэлъэщ. Ауэ а щыщIагъэр ди фейдэ хэлъу къэдгъэсэбэпыфынущ дэ. Дауэ? Иджыри къэс дызытеса «щыIагъэ мастэм» дыкъытекIыу, хамэ къэрал къыштщхьэхуэр ди деж къыщIагъэкIэхэмкlэ зэтхъуэкIын хуейуэ аращ. Ар тхуэзэфIэкIмэ, ди бынхэмрэ абыхэм я бныжьхэмрэ куэдрэ фIыкIэ ягу дыкъагъэкIыжынущ. ТхуэзэфlэмыкIрэ - ди щхьэ фIэкIа нэгъуэщI тхуэгъэкъуэншэнукъым.

Абы и лъэныкъуэкlэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм беягъ куэд бгъэдэлъу къызэлуитэ. Сэ Iэтащхьэ сыщыIуба япэ махуэм щегъэжьауэ си къэру есыхэIащ республикэм къыщыщIагъэкIымрэ щагъэкIымкlэ и щхьэр игъэпсэужьфу зэтеубгъэным. Мэкъумэш Iэнатlэр едгъэфIэкIуащ, технологиещIэхэмкlэ лажьэу едгъэжьащ, а Iэнатlэм пэрытхэм защIэдгъакъуэурэ. Иджыпсти си гур хэхъуэу сыкlэлъопльэ мэкъумэш Iэнатlэм хъарэшнэу зэрызиужьам, иджырей мардэхэм изагъэ хуабэщхэр ящIауэ хадэхэкlэхэр къызэзрахъэлIам, италиче технологием тету мыIэрысейхэр зэрагъэкIыж, абы-къэм щелэжь предприятэ пщIы бжыгъэхэр, пхъэщхьэмыщIхэ, хадэхэкlэ къумпIэхэр къызэрызэIуахам.

СызэрепIымкlэ, ар езыхэми ярикъужьнурэ, къэралри ягъэнщIынущ. Сыт щыIэ щыщIэныгъэм фейдэ къыхэпхыфынущ: къэралыр езым и хэку къыщыщIагъэкIыжьам зэрыхуэныкъуэр мэкъумэш Iэнатlэм пэрытхэм я деж кlэ фейдэщ. Дапэкlэ къэралыр зэрадэIэпыкъунущ тепщIыхьмэ, Iуэхур нэхъри efIэкIынущ.

- **Илъэсыщlэ къэсам сыт жаепIэнт ди щIыналъэм щыпсэуэм?**

- Дэ псори зэпIэзэрыпынгъэ дыхуэныкъуэщ иджыпсти, аращ гугъапIэ псори зэпхар, гъащIэм и IофIым дыпIэзыгъапIэр. Псоми сохъуэхъу гугъуехьхэр къыздэранэкlыу, зыужьныныгъэм хуэкIуэну.

Путин Владимир иджыблагъэ ятэ пресс-конференцым щыжиIащ мы щытыкlэм ди къэралыр екъулIэныгъэ иIэу къыззэрикIынур. А фIэщхъуныгъэр дэ дыкъэзыгъэлIэрэ щхьэкlэ къигупсыса аракъым - ар политикэ еплъыкlэ зыбжыгъэ экономикэ щIэныгъэ куурэ зиIэ цIыхум и псалъэщ.

Къэралым фIы къэхъулIэн папщIэ, абы ис псоми ар я фIэщ хъун хуейщ, дэтхэнэми езым и щхьэ Iуэхур игъэкIуэгъэфу, къалэныщIэхэр зыхуигъэувыжрэ ахэр зыIэрирагъэхьфу щытыпхъэщ.

Сыкъыщалъхуа республикэм иджы исхэмрэ зэфIэгъэныгъэ, мамырыгъэ, гуфIэгъуэ, насып Илъэсыщlэм къахуздихьну сыхуейщ. Сэ къэрал куэдым сыщыIащ, Москва илъэс бжыгъэ хуэдэ щIауэ сыщопсэкIри, щэн къытезамыкlэу ямыгъэIэ - Къэбэрдей-Балъкъэрыр Щы хъурейм и щIыпIэ нэхъыбI дыдэщ!

- **Тхъэм уигъэпсэу!**

Епсэлъар
НЭЩIЭПЫДЖЭ Замирэщ.

Нэгъуэщl фIыгъуэ дыхуейкъым

Арати, аргуэру зы илъэс идогъэжьэж. Дауи, ар псоми зэхуэдэу къыстхуащIэкlаькъым - зи мурадым лъэIэсаэм абы фIыщIэ хуащI. зи Iуэху дэмыкIыу гъэр изыхаэм Илъэсыщlэм гугъэфIэхэр хуэзэпащ.

ДУНЕЙМ щекIуэкIхэм, Iуэхуэ щIэныгъэхэм набдзэгубзаплъэу кlэлъплъэр фIыуэ зэрыщIэгъуазэщи, ди къэралым дежкlэ ар тыншу щытыкlэм. КъращIыпIа лъэпощхьэпо Iэрыщlэкъэ абы и зыужьныгъэ зэрая хуэхъуащ, дыдыхьхьэну гъэмэ гугъуехь инхэр къыполлъэ. А псори Къэбэрдей-Балъкъэрым къыльэмыIэсу къэнакъым. Арами, ди цIыхухэр абыхэм къаззэрыпимыкIуэнырэ си фIэщ мэхъу, сыту жыпIэмэ, гъэунэхуныгъэ куэдым я архъуанэм зэуIуу, зэгъуэсу Iэджэрэ дыкъинlащ.

Пэублэу къыззэрабжамкlэ, мы гъэм ди республикэм сом меларди 117,6-рэ и уасэ продукцIэ къыщIалэжащ. Ар нэгъабэ елытауэ процентI 6,3-кlэ нэхъыбIащ. Мылъку нэхъыщхьэм инвестицIу сом мелард 30-м щIигъу хузэщIагъэуIуащ. Промышленностым и продукцIэу, мэкъумэшхэкIуэ ящэм, ухуэныгъэу ирагъэкIыжкlым хохъуэ, Iэнатlэщlэхэр къыззэуIах. Розницэ сатур сом меларидищэм щIигъунущ.

Сыт хуэдэ гугъуехь къыкъуэмыкIми, Къэбэрдей-Балъкъэрым етIанэгъэ зэпIэзэрыту зэрызиужьынум щэч гуэрри къытехьэркъым. Ди республикэр федеральнэ Iуэхущlапlэхэм хъарзынэу ядолажьэ, программэ зэмылIэужьныгъуэхэр ди деж щагъэзащIэ, проект инхэр щыIэхагъэкI. Абыхэм ящыщщ курорт-рекреацэ комплексым зегъэужьыным, мэкъумэш Iэнатlэхэм я щытыкlэр лъэныкъуэ куэдкlэ егъэфIэкIуэным, промышленностым и унэтIныгъэ нэхъыщхьэхэр убыхуным теухуахэр. Къэзэтlэщ, псалъэм папщIэ, Тырныауз вольфрам-молибден комбинатыр. А хъуГуэфIыгъуэхэр къыщIэхъынымкlэ предприятэр Совет Союзым щылапшу щытащ. Зэрыгъэуувэмэ, адрей промышленнэ Iэнатlэхэр къаIэтыжмэ, республикэр лъэ быдзкlэ увыжынущ. Тырныауз вольфрам-молибден комбинатым и зэфIэкlыр къаIэт псом щызэпашIысат. Абы и продукцIэр хэмыту электротехникэ аппаратурэхэр, кхъухьлъатэхэр, автомобилхэр, гъуэгу быдзкэм зэрелажь Iэмэпсымэхэр, гъущIэктыкIу хьэкуэхэр, хьэрш кхъухьэр пхэущIынутэкlым, дзэр пхэзащIэуэзэнутэкlым, къаралым и лъэщагъэр къыпхуэзгъэпэщынутэкlым, нэгъуэщI Iэджи пхуэзфIэгъэкIынутэкlым. Сэ еджапIэ нэуэкым инженеру сыздагъэкIуар Тырныауз бгъы-щагъэбатэ комбинатыращ, абы лажьыгъэ щагъэкъабгъэ щIыпIэ щIыпIэ зэрыкIэ Iэмал иIэтэкъым. Иджы ар яхуэзфIэгъэувэжмэ, екъулIэныгъэшхуэ къыхудэкIуэнущ.

Иужькlэ сыздэщIыпа Iэнатlэм - 1965 гъэм къызэрагъэпэща «Севкавзэлектромашзаводым» къыщIэкIынущ. Ар ящIэрыгъэ ящIэ. Сыт щыIэ щыщIэныгъэм фейдэ къыхэпхыфынущ: къэралыр езым и хэку къыщыщIагъэкIыжьам зэрыкуэныкъуэр мэкъумэш Iэнатlэм пэрытхэм я деж Iэ фейдэщ. Дапэкlэ къэралыр зэрадэIэпыкъунущ тепщIыхьмэ, Iуэхур нэхъри efIэкIынущ.

- Дэ зэшитху дохуэ. Ди адэм и жэрдэмыр дэтIыгъри, щыр бэджэнду къыззэращтэ щыкlэрэ, хозяйствэ къызэгъэпэщыкlэм пыщIа хабзэкри кууэ дахэуэ, бизнес планыр Iэныкъуэ псомкlи зэхуэдгъэкIыщIа. Тхыпхэр къызэкуэтынщIу зэрыкъэзырым экспертхэр арэзы техъуэ нэуэкщ Iуэхур къыщыдэтхар икlи дыхуэщIегъуэжакъым, - жIэ общественэм и унафэщI Руслан.

ЩIыуэ гектар щиц яIыгъщи, мэкъумылъэу зыхуеинур абы къытрах, къалеекlыр ящэ. Шэр Налшык гъэш комбинатым ират. Хозяйствэм зэрихьэр щIэупщIэ зиIэ, лыфI зытезытлъхэ Iэщlэзэкlэ лъэпкъым хуэдэщ.

- Мэкъумэшым и лъэщагъэр зэи тыншу щытакъым. Гъавэ щIэнми, Iэщ гъэхъунми, кхрахьэлIэр зыхуей хузгъэзэнми зэманму, мылъкурэ къарууэ куэд токIуадэ. ЕкъулIэныгъэ ущиIэнур а Iэнатlэхэм пыщIа псори утемыплъэкъукIыу и чэзум зэфIэпхмэщ. Ди адэр псэуху а хабзэм ткIийуэ тетащ, дэри абы дыкъыхуриджэу щытащи, и фэеплъым хуэфащэу дыкъыщIэкlынымкlэ дыхущIокъу, - къыддогуашэ я мурадхэмкlэ Руслан.

Я Iэужущlафэм ухэгъуэзэу, зэкъуэшхэм гуащIэшхэу зэрабгъэдэлъэр зэмыбоцIэ. Iэш зекlыным къыздэкIуу, дыдыхьэну зэфIэкI къыщагъэлъагъуэ. Тхылъ псори Мэзкуу къалэм щызэхуагъэкIуауэ, а Iэнатlэми зрагъэужь. Мы зэманым нэхъ бэшэчэхэм хуэдэу, хэлпъыхьэуэ щиц зэрахуэ, Шы зыгъэхъужхэмрэ адыгэш Iыпэкlыр фIыуэ зыльагъуэхэмрэ я урысейпсо зэгухьэныгъэм пыщIынэгъэ быдэ хуаIэу лэжьыгъэр къыззэрагъэпэщ, екъулIэныгъэ зыIэрыльагъуэр зыIэрагъэхъэ. Абы и щIыхьэщ мы гъэм Франджым щекIуэкlа Дунейпсо шууейр джагуэхэм хозяйствэм и «Беркут» хуарзэр зэрыхэтаар, километр 1270-рэ хъу гъэзэгуанэ кlыхьыр къытемыхьэлъэу зэрызэпIнар. Къызэгъэпэщакlуэхэм я унафэкlэ, зи чэзу зекlуэ-зэпеуэм ар Франджым щыхуагъэхъэзэщи.

- Си къуэшхэу Къаэбэч, Артур, Албэч, Анзор сымэ лэжьыгъэм зыкъыдагъахуэрэкъым, кlалэн зыриз я пщэрыльщи, зыкъытщIэзыгъакъэ Iэщlыхьуэхэм ящIыгъуу, Iуэхур дагъэкI. Къэралри хъарзынэу къыддоIэпыкъу. А хэкlыпIэр зэрыкъуэкIыжащ. Iэнатlэхэм зэдгъэубгъуну ди мурадщ. Ди хуабэщlи, дызыхуей мэкъумылъэкlи щIауэ щIымахуэм дытехьащи, ар зэпэщу къызэретхьэлIэным шэч къытеслъэркъым. Ди цIыхухэри Илъэсыщlэм фIыкlэ щогугъри, узынышагъэм зэIуэзэпщIыгъэрэ къадэхуэкlэуну, мы гъэм зыхуэнмысасхэм лъэIэсыну ди гуапэщ, - жIэ Руслан.

ХЬЭЖЫКЪАРЭ Алик.

Напэр псом яцхьэщ

Зи щхьэм пщIэ хуэзымыщIыж цIыхум нэгъуэщIым пщIэ хуищIыфынукъым. Къэрал кIуэцI Iуэхуэмкlэ къудамэм и лэжьакIуэм япэу хэлъым хуей хьэлщ пэжыгъэмрэ цIыхугъэмрэ.

ЦIЫХУХЭМ пщIэ зыхуащIхэм ящыщщ Урысей МВД-м и Управленэу Налшык къалэ щыIэм и Iэтащхьэм и дзIэпыкъуэгъу, Iуэхущlапlэм и хабзэхъумэхэм ядолажьэныкlэ къудамэм и унафэщI, къэрал кIуэцI къулыкъум и полковник Унэгъэсэ Альберт. Абы мыхьэнэшхуэ зиIэ Iуэхугъуэ куэд зэфIэк полицэм и лэжьакIуэхэр къыхэхьыну, ахэр я Iэщlагъэм хуегъэджэным, гъэсэныр я Iэныкъуэкlэ.

1993 гъэм къэрал кIуэцI Iуэхуэмкlэ оргранэм лэжьэн щыщIэзыдзэ Унэгъэсэ Альберт и ехьулIэныгъэхэм хигъахуэ зэпыту я Iэныкъуэ ирехьэкI. КъБР-м щыIэ МВД-м и плъыр-пост полкым и командирым и къуэдзэу къыщIидзэри, и Iуэху бгъэдыхьэкlэм, кlалэным зэрыхуэпэжьым я фIыгъэкlэ дзыхь къыхуащIащ нобэ зыпэрыт къулыкъур.

Унэгъэсэ Альберт и кlалэнхэм екIуу пошIащ. Пожьыгъэм щыэригъэгъэта Iэзагъэр къигъэсэбэнуpэ, и нэIэм щIэтхэм ядодэIэпыкъу. ЩIэныгъэ куу зыбгъэдэлъ, кадр Iуэхум фIыуэ хэзыщIыкlыщ Альберт. Араущ абы хабзэхъумэ Iэхущlапlэр лэжьакIуэфIэмкlэ къызэгъэпэщынырэ къыщIэхъуIэр.

Унэгъэсэ Альберт и кlалэнхэр хьэлэлу зэрырихьэкIым кхъухьэкIыу КъБР-м щыIэ МВД-м и унафэщIым гулыитэ хэха зыхущIэхэм ящыщщ. Къызэдгъэщынщи, абы и цIэ фIыкlэ куэдрэ къраIуащ, гулыитэ хуащIащ, ахэр бжыгъэкlэ къапщтэмэ 30-м щIегъу.

- ГъащIэр улъэщIэмыихьэу йоклуэкI, ди гупми зехьэуж. Язныныкъуэ ди лэжьакIуэхэр нэгъуэщI къулыкъухэм макIуэ, абыхэм я пIэм йоувэ япэу полицей фащэр щызыхтIэгъа щалэщIэхэр. Дэ дыхущIокъу ахэр дисциплинэм, кlалэныр нэгъэсауэ гъэззэщIынэм зэрыхуэдгъэ- хьэзырынэм. Пэжщ, язныныкъуэхэм полицым и лэжьакIуэ зэрыпэ хуей мардэм иувэныр занщIэу къайхъулIэркъыми, абыкlэ дадоIэпыкъу, ди къулыкъум щынэхъыщхьэр цIыхухэм я деж кlэ щапхъэу щытынырщи, - жIэ Альберт.

Унэгъэс Альберт и унагъэр зэгурыIуэ, зэхэщIыкI зэрыльэ жьэгу пащхьэ тельыджащ. И щIэныгъэр зэрыгъэ медицинэм и лэжьакIуэщ. Абы гулыитэ зыхуищIыр, зэманыр зытригъэкIуадэр я бынхэр гъэсэнырщ. Я сабиилIым я нэхъыщIэр илъэсищ хъуэу аращ. Я къуэ нэхъыжь цIыкIум и адэм и лъагъэуэм ирикIуэну, а Iэщlагъэр къыхихыну и мурадщ.

- Сэ схэль тегушхуэныгъэр, фIэщхъуныгъэр, си ехьулIэныгъэхэр куэдкlэ елытащ а псори къыздэзыIыгъ, сызэхэзыщIыкI, сыкъызыгурыIуэ си унагъуэм, - кхъухигъэщащ Альберт. - Нэхъыщхьэжьр мамырыгъэрщ, зэгурыIуэныгъэрщи, къедгъэблагъэ Илъэсыщlэм Къэбэрдей-Балъкъэрым щыпсэужьм, зэрыщIэту Урысейм, а фIыгъуэхэр къытхуздихьмэ, хабзэхъумэхэр зыгъэпIейтей щымыIэу, я кlалэныр ирахьэкlмэ си гуапэщ.

УАРДЭ Жантинэ.

Зэшхэм я зэфIэкIыр

Совет къэралыгъуэр якъутэжа нэужь, «рынок зэхущытыкlэ» жыхуаIэм и хьэл хъыжьэм ди гъащIэм тепщэныгъэр щиубыдащ. Абы апхуэдизу зиубгъуащи, здынэмыса дурэшпэ планэпэрэ щыIэжкъым. Зыхуэкlуар араущи, псэуныгъэр зытращIыхьри, Iэнатlэхэр зэрауэнтIри, лэжьыгъэм пылъ фейдэри нобэ къызэрыгъэтэр рынокым и хабзэхэм тетущ. Абы лъандэрэ дэкlа илъэс тIощIым щигъуэм ди гъащIэм зэхъуэкIыныгъэ Iэджэ къыщыхъуащ, цIыхухэр гъэунэхуныгъэ хьэлъэхэм аутхыпщIащ, я щхьэмрэ я унагъэмрэ япIыжьын щхьэкlэ, хэкlыпIэу къамыуIэпхъэщар укIуэдык.

КОЛХОЗХЭМРЭ совхозхэмрэ зэрауTыпщыкъам фIы къишакъым. Къуажэдэсхэр Iэнатlэншэ хъуащ, нобэр къыздэсым щIым унафэ тэмэм игъуэтакъым, пэлъэщхэм, зыхуэгъэкъарухэм гъавэ щIапIэхэм щыщ бдэжэнду къащтэ, мэкъумэш-фермер хозяйствэхэр къызэрагъэпэщI, Iэщ зэрахуэ.

Мы Iуэхум нэхъ пасэу тегушхуахэм ящыщщ Къулъкъужьын Ипщэ къуажэм и Iэщlыхьэ пашэу щыта Нэхущ Бэрсул. МинитI гъэм къызэригъэпэща «Рассвет-Н» ООО-р лъэ быдзкlэ уващ. Иджыпсту абы жэм кlашу щиплI, Iэщlэвыщlэу щих щызэрахьэ, гъэш хъарзынэ къыщащ, лыфI ирагъэщI.

- Дэ зэшитху дохуэ. Ди адэм и жэрдэмыр дэтIыгъри, щыр бэджэнду къызэращтэ щыкlэрэ, хозяйствэ къызэгъэпэщыкlэм пыщIа хабзэхэри кууэ дахэуэ, бизнес планыр Iэныкъуэ псомкlи зэхуэдгъэкIыщIа. Тхылъэхэр къызэкуэтынщIу зэрыкъэзырым экспертхэр арэзы техъуэ нэуэкщ Iуэхур къыщыдэтхар икlи дыхущIегъуэжакъым, - жIэ общественэм и унафэщI Руслан.

ЩIыуэ гектар щиц яIыгъщи, мэкъумылъэу зыхуеинур абы къытрах, къалеекlыр ящэ. Шэр Налшык гъэш комбинатым ират. Хозяйствэм зэрихьэр щIэупщIэ зиIэ, лыфI зытезытлъхэ Iэщlэзэкlэ лъэпкъым хуэдэщ.

- Мэкъумэшым и лъэщагъэр зэи тыншу щытакъым. Гъавэ щIэнми, Iэщ гъэхъунми, кхрахьэлIэр зыхуей хузгъэзэнми зэманму, мылъкурэ къарууэ куэд токIуадэ. ЕкъулIэныгъэ ущиIэнур а Iэнатlэхэм пыщIа псори утемыплъэкъукIыу и чэзум зэфIэпхмэщ. Ди адэр псэуху а хабзэм ткIийуэ тетащ, дэри абы дыкъыхуриджэу щытащи, и фэеплъым хуэфащэу дыкъыщIэкlынымкlэ дыхущIокъу, - къыддогуашэ я мурадхэмкlэ Руслан.

Я Iэужущlафэм ухэгъуэзэу, зэкъуэшхэм гуащIэшхэу зэрабгъэдэлъэр зэмыбоцIэ. Iэш зекlыным къыздэкIуу, дыдыхьэну зэфIэкI къыщагъэлъагъуэ. Тхылъ псори Мэзкуу къалэм щызэхуагъэкIуауэ, а Iэнатlэми зрагъэужь. Мы зэманым нэхъ бэшэчэхэм хуэдэу, хэлпъыхьэуэ щиц зэрахуэ, Шы зыгъэхъужхэмрэ адыгэш Iыпэкlыр фIыуэ зыльагъуэхэмрэ я урысейпсо зэгухьэныгъэм пыщIынэгъэ быдэ хуаIэу лэжьыгъэр къызэрагъэпэщ, екъулIэныгъэ зыIэрыльагъуэр зыIэрагъэхъэ. Абы и щIыхьэщ мы гъэм Франджым щекIуэкlа Дунейпсо шууейр джагуэхэм хозяйствэм и «Беркут» хуарзэр зэрыхэтаар, километр 1270-рэ хъу гъэзэгуанэ кlыхьыр къытемыхьэлъэу зэрызэпIнар. Къызэгъэпэщакlуэхэм я унафэкlэ, зи чэзу зекlуэ-зэпеуэм ар Франджым щыхуагъэхъэзэщи.

- Си къуэшхэу Къаэбэч, Артур, Албэч, Анзор сымэ лэжьыгъэм зыкъыдагъахуэрэкъым, кlалэн зыриз я пщэрыльщи, зыкъытщIэзыгъакъэ Iэщlыхьуэхэм ящIыгъуу, Iуэхур дагъэкI. Къэралри хъарзынэу къыздоIэпыкъу. А хэкlыпIэр зыкъыщIэкlыжащ.

- Сэ схэль тегушхуэныгъэр, фIэщхъуныгъэр, си ехьулIэныгъэхэр куэдкlэ елытащ а псори къыздэзыIыгъ, сызэхэзыщIыкI, сыкъызыгурыIуэ си унагъуэм, - кхъухигъэщащ Альберт. - Нэхъыщхьэжьр мамырыгъэрщ, зэгурыIуэныгъэрщи, къедгъэблагъэ Илъэсыщlэм Къэбэрдей-Балъкъэрым щыпсэужьм, зэрыщIэту Урысейм, а фIыгъуэхэр къытхуздихьмэ, хабзэхъумэхэр зыгъэпIейтей щымыIэу, я кlалэныр ирахьэкlмэ си гуапэщ.

УАРДЭ Жантинэ.

Мы махуэхэм

Дыгъэгъазэм и 31, *бзэрэжьей*

♦1898 гъэм Москвэрэ Петербургрэ япэу телефонкlэ зэпащIащ.

♦УФ-м щIыхь зиIэ и дохутыр, АР-м и щIыхьэ дохутыр **Хьэгъундокъуэ Нурбий** къызэралъхуэр илъэс 85-рэ ирокъу.

♦КъБР-м гъуэзджэхэмкlэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ **Елдар Мэржан** къыщалъхуа махуэщ.

♦КъБР-м и щIыхьэ артист **Жылокъуэ Мухьэмэдин и ныбжьыр** илъэс 76-рэ ирокъу.

♦Композитор, уэрэджылакIуэ, КъБР-м и щIыхьэ артист, УФ-м гъуэзджэхэмкlэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ **Бэрэгъун Владимир** къызэралъхуэр илъэс 75-рэ ирокъу.

♦Ингушым щIыхь зиIэ и артист, «Кабардинка» ансамблым и къэфакIуэ **Бацэ Асхэрбий** и ныбжьыр илъэс 42-рэ ирокъу.

Дунейм и щытыкlэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритмкlэ, Налшык уфауэ щыщытынущ, пIалъэ-пIалъэкlэрэ уэс кlыщIесынущ. ЩIыпэр махуэм 1 градус, жэщым градуси 3 щыхъуэнущ.

2015 гъэ

ЩIышылэм и 1, *махуэжь*

♦**Илъэсыщlэ махуэшхуэ**

♦1929 гъэм Налшык дэрбзэр фабрикэ къыщызэIуахащ.

♦1939 гъэм Налшык егъэджакIуэхэм я щIэныгъэм щыхагъахъэуэ институт къыщызэIуахащ.

♦ЩIэрджэс тхакIуэ **Гъуэзджэш Хьэызыр** и ныбжьыр илъэс 83-рэ ирокъу.

♦Юридическэ щIэныгъэхэм я доктор, профессор, ЩIДАА-м и академик, УФ-м щIыхь зиIэ и юрист, ДАХ-м и япэ тхьэмадэ **Къалмыкъ Юрий** къызэралъхуэр илъэс 81-рэ ирокъу.

♦Публицист, КъБР-м щIыхь зиIэ и журналист **БжэныкIэ Мухьэб** и ныбжьыр илъэс 74-рэ ирокъу.

♦Журналист, зэдзэкIакIуэ, КъБР-м и ЩIыхь тхылъыр зыхуагъэфащэ **Тэнащ Анатолий** и ныбжьыр илъэс 73-рэ ирокъу.

♦Филологие щIэныгъэхэм я доктор, КъБКъУ-м и профессор **Мусукаевэ (Есэнкъул) Анжелэ** къыщалъхуа махуэщ.

♦Истамбул щыпсэу хеттолог, ЩIДАА-м и академик **Чурей Алий** и ныбжьыр илъэс 69-рэ ирокъу.

♦Физико-математикlэ щIэныгъэхэм я доктор, профессор, КъБР-м щIэныгъэхэмкlэ щыхь зиIэ и лэжьакIуэ **Ашэбокъуэ Борис** и ныбжьыр илъэс 67-рэ ирокъу.

Дунейм и щытыкlэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритмкlэ, Налшык пшэр техьэ-текIыу щыщытынущ, уэс тIэкIу кlыщесынущ. ЩIылэр махуэм градуси 3 - 1, жэщым градуси 4 - 3 щыхъуэнущ.

ЩIышылэм и 2, *мэрем*

♦Адыгейм щэнхабзэмкlэ щыхь зиIэ и лэжьакIуэ, тхакIуэ **Iэщlэн Хьэзрэт** къызэралъхуэр илъэс 89-рэ ирокъу.

♦Кинорежиссер, УФ-м щэнхабзэмкlэ щыхь зиIэ и лэжьакIуэ **Вэрокъуэ Владимир** и ныбжьыр илъэс 79-рэ ирокъу.

♦КъБР-м и щIыхьэ суратыщI **Бгъэжьнокъуэ Заурбэч** и ныбжьыр илъэс 70 ирокъу.

♦Хъыдзэдж, КъБР-м щыщ жылагъуэ лэжьакIуэ **Къалмыкъ Жылэбий** и ныбжьыр илъэс 70-рэ ирокъу.

♦КъБР-м, КъШР-м, АР-м, Ингушым щIыхь зиIэ я артист **Лосэн Тимур** и ныбжьыр илъэс 42-рэ ирокъу.

Дунейм и щытыкlэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритмкlэ, Налшык пшэр техьэ-текIыу щыщытынущ. ЩIылэр махуэм 1 градус, жэщым градуси 2 - 1 щыхъуэнущ.

ЩIышылэм и 3, *щэбэт*

♦1934 гъэм Къэбэрдей-Балъкъэрым Лениным и орденыр къыхуэзыгъэфащащ.

♦УФ-мрэ КъБР-мрэ щIыхь зиIэ я егъэджакIуэ **Къардэн Мухьэб** къызэралъхуэр илъэс 90 ирокъу.

♦Нэ дохутыр Iэзэ, медицинэ щIэныгъэхэм я доктор, УФ-м щIыхь зиIэ и дохутыр **Хьэцыкlэ Анатолий** и ныбжьыр илъэс 84-рэ ирокъу.

♦Уэрэджылакlуэ, УФ-м и щIыхьэ артисткэ, КъБР-м и Къэрал сауГэпIэм и лауреат, профессор **Гъэсэшэ Наталье** илъэс 75-рэ ирокъу.

♦Физико-математикlэ щIэныгъэхэм я доктор, КъБКъУ-м и профессор **Елей Валерий** и ныбжьыр илъэс 75-рэ ирокъу.

♦Къэфакlуэ, КъБР-м и щIыхьэ артист **Битокъуэ Аслъэнбэч** и ныбжьыр илъэс 45-рэ ирокъу.

ЩIышылэм и 4, *тхъэмахуэ*

♦1943 гъэм Налшык нэмыцэ-фашист зэрыпхъуакlуэхэм я щIэщIагъэхьжащ.

♦НартыхуэгъэкI цIэрыIуэ, Социалист Лэжьыгъэм и Лыхъжь **Iэрэмысэ Ахьмэд** къызэралъхуэр илъэс 82-рэ ирокъу.

♦Урысей Федерацэм спортымкlэ щIыхь зиIэ и мастер, XXVII Олимп Джэгуэм алыдж-урым бэнэкlэмкlэ я чемпион **Къардэн Мурат** и ныбжьыр илъэс 44-рэ ирокъу.

ЩIышылэм и 5, *блыщхьэ*

♦1943 гъэм Прохладнэ къалэр нэмыцэ-фашист зэрыпхъуакlуэхэм къыIэщIагъэкIжащ.

♦1992 гъэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и япэ Президентыр хахащ.

♦Мэкъумэш щIэныгъэхэм я доктор, КъБКъМУ-м и профессор **Къэзанш Сэфарбий** и ныбжьыр илъэс 76-рэ ирокъу.

♦КъШР-м и щIыхьэ артист **Шумахуэ Хьэзэкlий** и ныбжьыр илъэс 72-рэ ирокъу.

ЩIышылэм и 6, *гъубж*

♦1926 гъэм Налшык къыщыщIэлъахащ гуманитар къэхутэныгъэхэмкlэ щIэныгъэхэр институтым.

♦ЩIэрджэс тхакIуэ, журналист **Даур Жэхьфар** и ныбжьыр илъэс 84-рэ ирокъу.

♦КъБР-м и щIыхьэ усакIуэ **Къагъырмэс Борис** и ныбжьыр илъэс 80 ирокъу.

♦Адыгэ суратыщI-монументалист **Ешэч Владимир** и ныбжьыр илъэс 75-рэ ирокъу.

ЩIышылэм и 7, *бзэрэжьей*

♦**Хьэмэ Бегъымбарыр** къыщалъхуа махуэщ

♦КъБР-м щIыхь зиIэ и суратыщI

Си гуапэщ дызытехьэ ипсэушхэм КъБР-м ис цIыхубэм захуэзгъэзэну Iэмал сызэриIэр.

Ильэс къызэдэнэкIым къэралми республикэми зэхъуэкIыныгъэ хуэщI къыхтухьащ. Сэ къызолъытэ дэтхэнэ зэхъуэкIыныгъэми кьигъанэ льэуужьыр кьэкIуэну зэманым льэбжьэ хуэхъуу, зыужьыныгъэм хуишэу. Сохъуахъуэ дэтхэнэ унагъуэми илъэсыщIэр гуфуэрыл хуэхъуну, узынишагъэ быдэ, берычэт яIэну, зэрыгушхуэн щIэблэ къащIэхъуэну.

Си хъэпсапIэщ псоми ди гур щабэу, гулъытэ тщIыфу, хабзэ, нэмыс ди зэхуаку дэлъу дыпсэуну!

УМЭ Светланэ,
КъБР-м и Сабий фондым и унафэщI.

Адэжь щIынальэм и гуапагъэр, анэдэлъхубзэм и Iэфiагъэр, адыгагъэм и купщIэр, хабзэм и дахагъэр гурэ псэкIэ зыхэзыщIэ бзылъхугъэщ. Истамбыл щыплажьэ Адыгэ Хасэм хэт Думэн Акилэ.

Адыгэпсэ Думэн Акилэ

ИЛЪЭСИ 150-рэ хъуэу Тыркым иц адыгэхэм къащIэхъуахэм ящыщ бзылъхугъэ щыпкъэм зэрыцIыкIуэр и гур зэкъумкIэ щыIэу мэпсэу. Адэшхуэ-анэшхуэм жаIэжу зэхиха хъыбархэмрэ абыхэм яIурылъа бзэмрэщ хъыдэжэбэ цIыкIур «адыгэ зыщIар», адэгу иIэу зыкъыгъэтэджкIэ. И адэшхуэхэр хэкужьым зэрыраухуам щытепсэлъыхькIэ, бэлыхьы яшэчар и нэгу кIыщIоувэ, анэр хэкумкIэ къэхъуапсэу зэрыпсэуам и гур хегъэщI Акилэ. «Уэун-Ййла щIыпIэр адыгэхэм псэпIэ щIащIар хэкум нэхъ ирагъэщхьыри арат, щхъуантIагъэ гуэркр щыIэт. Ауэ, пэжым ухуеймэ, Кьэбэрдей-Балъкъэрым, Налшык хуэдэ гъэтыгъуейщ. Сэ къэрал куэдым сыщыIащ, щыпIэ куэдым зыщысплъыхьащ, ауэ мыбы хуэдэу си гур щыпсэхэурэ сфIэдахэрэ слъэгъуакъым. Хэкум щыпсэу си щыбжьэгъуэхм кьащIщэжаIэ щыIэщ: «Акилэ, гъэм и зэманхэм я нэхъ дахэм - гъэмахуэм е жыггэр кьащIыгъагъэ гъатхэм зрибгъэхьэлIэу укъакIуэркъым, щIымахуэм, бжьыхьэ щIыIэм укъытохуэ». Абыхэм кагурыуэркъым я нэхъ пшагъуэми, я нэхъ уэтIпсытIми си хэкужь зэрысфIэдахэр, ар дунейм фIыгъуэу тетым ящыщ зыиуэ кьызэрыслъэитэр», - пещэ Акилэ.

Бзылъхугъэ гуакIуэр хэкум къыпызыщIэр абы хуиIэ лъагъуныгъэм и закъуэжьым, атIэ и лъэпкъым щыIэр - Дымэнхэ - зригъэщIыжауэ абы-къэм якIэлъокIуэ, ныбжьыгъу куэд щиIэщ, адыгэ Iуэху щызэрехуэ. И щхьэгъусэ Iэдэмей Хьикмэти Налшык хьэрычэтыщIэ IэнатIэ щиIэщи, лэжьыгъэм Налшык куэдрэ къеIэж.

Хэкупсэ нэсу щыIэ бзылъхугъэ закъуэтIакъуэм языгъэщIащIа. Ар ауэ сытми льаэхэм кьакIуэ-кIуэж къудейкъым, атIэ сыт щыгъуи IуэхугъэщIэхэр кьегупсыс, адыгэм и Iуэхур зэригъэкIуэгэнымрэ бзэр хъума зэрыхъунымрэ пылъщ. Абы и гуащIэ зыхилъхьаэхэм ящыщщ сурэтыщI Щэмей Руслан и лэжьыгъэхэм я гъэлъэгъуэныгъэ Налшык кьащIыщэнымкIэ щыIэщ: «Акилэ, гъэм и зэманхэм я нэхъ дахэм - гъэмахуэм е жыггэр кьащIыгъагъэ гъатхэм зрибгъэхьэлIэу укъакIуэркъым, щIымахуэм, бжьыхьэ щIыIэм укъытохуэ». Абыхэм кагурыуэркъым я нэхъ пшагъуэми, я нэхъ уэтIпсыIуэ щIыщIащ КъБР-м и цIыхубэ тхакIуэ IутIыж Борис кьызэралъхурэ 2015 гъэм ильэс 75-рэ зэрырикъум и щIыхькIэ, абы и цIыкIэ зэпеуэ ирагъэкIуэкIащ. Абы хэтIыну хуитщ класс нэхъыбжьэм, курыт Іэщ1агъэ, щIэныгъэ зэхьыщхьэ щызрагъэгъуэт ежаIепхэм щIэсхэр, IэнатIэ пэрыт щIалэгъуалэр.

- Бзэр ныбжьыщIэхэм яIэщIэмыгъэхунырщ, адыгэ литературэм хъугъуэфIыгъуэ мыльытэгъу иIэ тхыгъэхэр зи Iэдакъэ къыщIэкIа IутIыж Борис и цIэр адыгэм ящымыгъэгъупщэнырщ а Iуэхум иуэ сыщIихьар, - кьыддогуашэ Акилэ. - Сыхуейт литературэм гу хуэзыщIа щIалэгъуалэм я IэдакъэщIэкIэр кьыгтIэрагъэхьэну.

Зи гугъу сщIы зэпеуэм Истамбыл щыщ ди льэпкъгъэхэри хэтысфынщ насыпыщхэт, ауэ я бзар ныкъуэ дыкъуэ хъуащи, ахъэсфIэкIынукъым. Зыкъаужьу гу лъызотэри, согуфIэ.

Тыркым щыпсэу адыгэхэм я тхыдэр ящIэжьныжьмкIэ, хабзэр зэрахьэжьныжьмкIэ, бзэр яIэщIэмыхуныжьмкIэ лэжьыгъэшхуэ зэфIэзэгъэкI Хасэхэми щыIэжьащ Акилэ. Псалъэм кьыдэкIуэу жьипIэмэ, унагъуэ нэхъ хуэмыщIахэм кьаэжIа адыгэ щIалэгъуалэр хамэ къэралхэм щыIэ еджапIэ нэхъыщхьэ нэхъыбжьэм щIэныгъэ щызрагъэгъуэтыным теухуауэ лэжьыгъэшхуэ езыгъэкIуэкI, мыльукIэ защIэзыгъакIуэ Фондым щыIэжьащ. Иджы Шурдым Гюнсел зи гуащэ Адыгэ Бзылъхугъэ Хасэм Іуэху хъарзынэхэр щызэфIегъэкI. Зи школ кIуэгъуэ мыхъуа ныбжьыкIэ адыгэбзэм, франджыбзэм, инджылызыбзэм щыхурагъаджэ «Сэтэней» зи фIэщыгъэ гъэсапIэ кьызэIуахуэ, я анэдэлъхубзэр япэ ирагъэщу сабийхэр кьызэрагъэтэджыным иужь итщ.

- Бзэм нэхърэ нэхъапэ зыри щыIэкъым, - кьыддогуашэ Акилэ, - бзар кIуэдэщ, лъэпкъри щыIэжьныкъым. Абы бзылъхугъэхэр, анэхэр хэумысакъмэ, дауэ зехьа зэрыхъунур? Абы ипкъ иткIэ, ди Хасэм, Гюнсел ди нэхъыжьу, лэжьыгъэшхуэ идогъэкIуэкI. ИкIи Іуэхум нэхъыфIкуэд кьыпэкIуэну кьэтпытащ, нэхъ цIыкIу дыдэхэм я деж кьыщыщIэдгъэкIащ. КъыщынэмыщIауэ, къыхэзгъэщыну сыхуейт ди ныбжьэгъу, абхъаз бзылъхугъэ Тумэ Махьинур и жэрдэмкIэ адыгэ пасэрей пшынэжьхэр зэхуэтхъэсыжу абы кьафэхэр кьидгъэкIыу зэрыздгъэсэр. Бзылъхугъэ гуп дыхьуу, адыгэ фащэхэр тщыгъыну концерт цIыкIуи едгъэкIуэжкIащ. ДяпэкIэ абы зедгъэубгъуну иужь дитщ, бзылъхугъэ нэхъ щIалэхэр зэхуэтшэсауэ догъасэ, иджы абыхэм уэрэд дыжьызIыну уэрэджьIакIуэ щIалэхэр кьыдолъхьэну.

ФIы зигу ильэр фIы хуозэ сыт щыгъуи. Думэн Акилэрэ абы и щхьэгъусэ Іэдэмей Хьикмэтрэ псапэ щIэныр, кьалэжь мыльукIуи щыщ Іыхьэ адыгэ Іуэхум хэлъхьэным иужь иту мэпсэури, Тхьэм яхущIигъэхьэ.

ШЫПШ Даянэ.

Апажэ Аслъэн и гъэзэгъэльагъуэр

Гъащ1эм жыджэру хэт, зи къарурэ зэфIэкIри лъэпкъ зыужьыныгъэм хэзылъхьэ щIалэгъуалэ адыгэм дызэрыгъуэ гуапэ тщIымыхуу кьанэркъым. «Нэхыжьым - пщIэ, зыныщIэм - гъэзэгу», - жиIащ адыгэ псалъэжьым. ДэнэкIи пльэи - ар экономикэ е политикэ, щIэныгъэ е щэнхабзэ ирехъуи - гудзакъэ зиIэ зи щIалэгъуэхэр утыку итщ, дзыхь кьыхуащI Іэнатiэхэр жэуап-лыныгъэшхуэ зыхащIэу докент Апажэ Аслъэн Кьэралбий и кьуэр. Иджыблагъэ ар хахащ КIуэкIуэ Валерий и цIэр зезыхьэ Къэбэрдей-Балъкъэр кьэрал мэкъумэш университетым и ректору.

АПАЖЭ АСЛЪЭН Шэджэм районым хыхьэ Щхьэлыкьуэ кьуажэм 1974 гъэм кьащIалхъуащ. Жьылэм дзт курыт школ №1-р дыжьын медалкIэ кьэзыуха щIалэщIэм еджэным щыпищащ Къэбэрдей-Балъкъэр мэкъумэш институтым. ФIыуэ зэредгъэм кьыдэкIуэу, Аслъэн жыджэру хэтащ институтым щекIуэкI жьылагъуэ гъащIэм. Апхуэдэу студент жыджэрыр щIэх дыдэу дихьэхащ кьэхэутэныгъэ лэжьыгъэхэм.

- ЩIэныгъэм и гъэзэгъэ сызэрытехьар, псом япэрауэ, зи фIыщIэр ди гъэзэджакIуэу, гъэзэгъэльагъуэу щытА, техникэ щIэныгъэхэм я доктор, УФ-м щIэныгъэмрэ техникэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ, ЩIДАА-м и академик, профессор Быгу Хъэзэрэбийдж. - и студент гъащIэр игу кьегъэжьIыж Апажэм. - А егъэджакIуэ гумызагъэр икIи Іэнатiэкъуэр студент куэдым щапхъэ тхузэхуауэ. Абы щIалэгъуалэр фыкъуищIэрт зэдгъэгъуэт Іэщ1агъэм и щэхуэр нэсу кьэдгъуэнынм, а унэтIынымгъэмкIэ кьэхутэныгъэ зэмылIэужьыгъуэхэр едгъэ кIуэкIынм.

Апхуэдэ егъэджакIуэ цIэрыIуэр гъуаз1э зыхуэхъуа Аслъэн, инженер-конструктор Іэщ1агъэр зригъэгъуэта нэужь, мурад ищIащ и зэфIэкIэм адэжи гъэзэхъуэну. ЩIэныгъэм хуэнэхъуеинш щIалэр аспирантурэм щIэтIысхьащ икIи студент иIэсэхэм иублауэ щыта кьэхутэныгъэхэм щIэщIауэ пищащ. Зэман кIэщIым кьэриубыдэу Аслъэн гъэзэджэрщ и кандидат диссертацIэр. 2002 гъэм утыку кьэрихьа кьэхутэныгъэ купщIафIэр ехьэлIат вэнсэн техникэм и Іэмалхэр хэпщIыкIыу зэрыпхуегъэфIэкIуэну щIыкIэхэм. А лэжьыгъэр ехьулIэныгъэ иIэу пихьащ, нэхъыжьхэр кьаГъэфащ, я гукъыдэжьыр кьалэтащ. Гъэсэныгъэ мыхьэнэ зыбжанэ хэлъащ а Іуэхум: зи зеиншэр нэгъуэщI зеиншэм дэIэпыкъуфу егъэсэнырэ, лъэпкъ зэмылIэужьыгъуэ дахэ куэд зэрыщыIэр ныбжьыщIэхэм кьегъэщIэнырэ, зэрыгъэщIыхуныр. Апхуэдэу, мыльку зэхуэтхъэсри дадэIэпыкъуащ зи псантхэр узхэм щеIэзэ сымаджэщым щIэлъэхьэм. Даун узыфэр зэфIэкI сабийхэм пщIэ кьызэдгъэзэпэщащ «Дыгъэ бынэм - махуэ уэфI» зэхьихьэр. Абыхэм я адэ-анэхэм егъэлеяуэ я гуапэ хъуат я бынхэм яхуэтщIа гупытэр. ЕдгъэкIуэкIащ «Гугъэ хъуаскIэ» концертыр. Абы кьыхэкIа мыльукмкIэ дадэIэпыкъуащ лышх узыфэ зыпкърыт сабийхэм.

ЩIыуэпсым и кьабзаагъэ щхьэхуэхэр щыIащ Бахьсэн кьалэ, Тэрч, Дзэлыкъуэ щIыналъэхэм. Иджы нэхъыр дыдубгъыу дыкуейц - районыкIэ кьудамэ кьыщIэзгъэпэщIыпхъэу кьыдолъытэ. Іэмал имыIэу сайт кьызэIутхыну ди мурадщ.

P.S. Сыжажэ Алим и нэIэ щIэт зэгугъэныгъэм и дамыгъэм кьыщIигъэльэгъуащ Іуащхьэмахуэрэ ди республикэм и ныпымрэ. Абы кьыбжьеIэ гулым я Іуэхущафэхэр зэрыкьабгъэр, я мурадхэр зэрыдахэр.

Епсэлъар
ГУГЪУЭТ Заремщ.



Ди республикэ дахэр бжьыфIэу, и уафэр къащхъуэрэ и щIыпIэм гуфIэ макъ куэд кьыщIыIуу, щIыхуэм я псэукIэр ефIакIуэу, адэ-анэхэм я быным, абыхэм къатепщIыкIыжам я гуныкъуэгъуэ ямыIабгъуу, абыхэм кърат гурыфIыгъуэм я гъащIэм кьахупищэу Тхьэм игъэпсэу!

Дызытехьэ илъэсыщIэм Хэку зауэшхуэр зэриухрэ илъэс 70 ирокъури, а илъэс бжьыбэм кьриубыдэу ди республикэм илъа мамырыгъэм кьыпищэу, гъащIэ щIэращIэ зиIэн псори дыхьуну сыхуейт. Зауэ лыгъэм хэта ди нэхъыжьыфIхэм я узыншагъэр быдэу, зыхуэныкъуэ щымыIэу, я щIэблэмкIэ я гу мыныкъуэу псэуну. Щ1алэгъуалэ дахэ мымащIэу диIэщи, сыхуейщ ахэр я зэфIэкIкIи, щIыхуэгъэкIи, яхэлъ хабзэкIи я нэхъыжьхъэм куэдкIэ ефIэкIыну, хагъахъуэ фIэкIа, хагъэщI щымыIэу илъэсыр ирахьхьэну.

Илъэсыщ1эм хэхъуэ куэдкIэ дигъэгуфIэну Тхьэм жиIэ!

НЭХУЩ Заурбий,
Урысей Федерацэм и Жылагъуэ палатэм хэт.

Хэт «Жаныр» зыхуэжаныр?

Илъэситху хъуауэ мэлажьэ «Жан» жылагъуэ зэгухэныгъэр. Абы иригъэкIуэкI пшыхьхэр республикэм фIыуэ къыщащIыхуащ, сыту жыпIэмэ дэтхэнэми хэлъщ гум кьинэ щIэщыгъуэ гуэр. Мы зэгухэныгъэращ къыхэзыгъэпэщIр гъэм и зэманым траухуэ усэ пшыхьхэр.

Къызэрежьа щIыкIэр

Зэгухэныгъэр къыщIынэхуагъащIэм бзылъхугъэхэм нэхъ яхуэгъэзащ. Ятэ быдэу абы къызэригъэпэща проектым хэтащ КъБКъУ-м ДизайнымкIэ и колледжыр къэзыуха хъыджэбзих. Гъэлъэгъуэныгъэхэр щыIащ Налшык, Мейкъуапэ, Владикавказ, Сыхьум. «Жаным» и унафэщI Къанокъуэ Заринэ жеIэж «Ущ1э гъуэгу» Іуэхум щIэх дыдэу куэдым гу къыльатауэ зэрыщытар:

- КъБР-м и Пэлъэкъ музейм и архивым хъыджэбзхэм къыщагъэтыжащ адыгэ къуажэхэм дзэ бзылъхугъэхэм ущ1э ящIу зэрыщытам щыхьэт техьуэ суэрэтхэр. Щапхъэ хъарзынэщ Іутiыж Мэжид кьыдитауэ щита пасэрей адыгэ ущ1эрэр. Абы и теплъэм кьегъэльагъуэ адыгэм зэриIэрыкIыр. ГъэщIэгъуэнражъ, «Ущ1э гъуэгум» хъыджэбзитI хэтащ, ущ1э щIыным я анэшхуэхэм ягугъэсхуэ. Гъэльэгъуэм и ужьхIэ, а Іуэхум дихьэхри зрагъэпащ Щокьэрэ Дианэ, Елей Миланэ, Тхьэкlумащ1э Лианэ сымэ. Уеблэмэ Дианэ Урысей Федерацэм и Сурэтыщ1хэм я союзым хагъэхьащ.

«Жаныр» кьацIыхуащ «Гъэм и теплъэгъуэхэр» адыгэ усэ пшыхьхэмкIэ. Ар хеубыдэ «Псоми я зэхуэдэ поэзие» проектым. Іуэху ебгъэжьар Iутэнэщ, ар щIэщыгъуэгъ гуэркIэ упсычхьмэ. Усэ пшыхьхэри аращ - яхэлъщ щэжу гуэр, уплейтейуэ узыпиГаплъэу. Кьанькъуэ Заринэ, Гумэ Маринэ, Сэралъп Мадинэ сымэ ар зэпэщ ящIащ и зэхэлъыкIэкIи утыкум и теплъэкIи. Заринэ кьыхиГэщащ а Іуэхумкlэ Щоджэнщ1ыкIу Нинэ и чэнджэщэр кьэдгъэ кьызэрызэущхьэпэри.

Мурадхэр мащIэкъым

Жылагъуэ зэгухэныгъэм иIэщ кьэкIуэнум хуигъэтIыгъуэ мурадхэри. Ар щIэблэм лъэпкъ хабзэр егъэщIэным нэхъ трагъэщIэнуц. Іуэхум хэтынущ адыгэбзэкIэ, гъэщIэгъэпэрэ гъащIэм? УнагъуэщIэм? Абыхэм дащIэупщIэжынущ.

«Гъэм и теплъэгъуэхэр» пшыхьэр дяпэкIи тщIынущ. 2015 гъэм кьриубыдэу ар нэхъри кьэдгъэщIэрэщIэну дыхуейщ. Псалъэм папщIэ, дыхуейщ кьэтщIэну тегушхуэу и тхыгъэ интернетым щигъэльэгъуну щIалэгъуалэм дапщэ яхэтми. Абы теухуауэ щхьэхуэу кьызэбгъэпэщ хъунущ «Интернет поэзие» пшыхь. Іуэхум хэтынущ адыгэбзэкIэ, урысыбзэкIэ тхэхэр. Ди гъащIэм кьыгуэхьIпэ имыIэу епхэ хъуа интернетыр сыткIэ сэбэп хьурэ литературэ щыIэным теухуауэ? Интернетым кьатхэ ныбжьыщIэхэм дапхэудиз яхэт зи Iэдакъэщ1кI газетэхэм, журналхэм кьытебдзэ хъун хуэдэу нэщIысауэ? Бдтхэнэр нэхъ кьащтэрэ абыхэм: газетым кьытехэунра хьэмэрэ интернетрэ? Мыхьэнэ ирату пIэрэ журналхэм, газетхэм, хьэмэрэ художественнэ тхыгъэ кьэзыгъэщIхэр я тхыльэ кьыдэкIыну? Езы тхакIуэ ныбжьыщIэхэр дгъэпсалъэу ар кьэтщIэну дыхуейщ.

Бахьсэн дэт «Галактика» щIалэгъуалэ центрым, Кулиев Кьайсын и цIэр зрихьэу Шэджэм дэт музейм кьыщIэздгъэпэщIыну ди мурадщ тыдыхь гъэщIэгъэнэкъ.

«Гугъэр» псэуну?

«Жаным» и гуащэм гуныкъуэгъуэ иIэщ ящлауэ щыта «Гугъэ» зэпеуэм екъэлIауэ. ИлъэситI хъуауэ ирагъэкIуэкI а зэпеуэр тхэн щIэзыдзагъащIэ щIалэгъуалэм я Іэдакъэщ1экIэхэм хопльэ. Зыхуэфащэу кьалъытэхэр ягъэльапIэ. Ауэ...

- Сигу нэхъ хуэныкъуэ «Гугъэ» зэпеуэм. ИлъэситIкIэ хъарзынэгу едгъэкIуэкIащ. Мы гъэм кьыщIэзтедгъэуфыIам щхьэусыгъуэ иIэщ. Кьарэхьэ тхыгъэ гуэркм егъэджакIуэр тIэкIу хэлэжьыхьауэ пIэрэ жысIэу гурыщIхуэ сощ, сыту жыпIэмэ, щIыхь Iэмал зиIэ, псэльэхэм изогъэщхьэри. Іуэхум и пэжыпIэр апхуэдэмэ, мыхьэнэ иIэну си фIэщ хъурыкъым абы кьыпытщэкIэ. Ауэ абы гъэзэжьар кьэбгъэувыIэ хъунукъым. ЩIэгъэкъуэн дыхуейщ абы и лъэныкъуэкIэ. Ар дгъэкIуэтэфыну си гугъэт, ХьэтIохъущ-кьуэ Кьазий и цIэр зезыхьэ Адыгэбзэ хасэмрэ дзэ дызделэжьамэ. Е проектыр а хасэм естыкьыпэми содэ, я кьару илъу кьысщохьу ар адэкIи ягъэкIэтэну, - жиIащ Заринэ.

Гъуэгу техьэ кьытенэркъым

Усыгъэ пшыкьэм екIуалIэжр нэхъри куэд хъу зэпытщ. Республикэм щыпсэухэм я «усэхуэлIэр» икIынымкIэ «Жаныр» сэбэп зэрыхьэр нэрылъагъущ. Абы гу лъитащ зэгухэныгъэм и гущэмк:

- Усыгъэм зэгухэныгъэ гуэрым зыщIидыгъуэ хуэдэу щытт иужьрей зэманым. Илъэситхум кьрибубыдэу дызыхэта Іуэхум кьыгъэльагъуащ адыгэ усыгъэм едэIуэну хуейр нэхъыбэ зэрыхъуар. Уеблэмэ ди Іуэхум кьытепщIыкIыжащ пшыхь щхьэхуэхэр республикэм и еджапIэ нэхъыщхьэхэм щрагъэкIуэкI хъуауэ гу лъыдотэри, арп зэгухэныгъэм и ехьулIэныгъэхэм ящыщу кьыдолъытэ.

НАФIэДЗ Блутiэ.

Уи гъунэгъум дэIэпыкъу!

Іуэху гуапэ пщIэхукIэ, псэм гурыфIыгъуэкIэ зегъэнщIри, пщыз хъуа гуапагъэмкIэ аргуэру уогушэ! БгуэщыкуэкIи, нэхъри мэбагъуэ фIыр. Ар ягъэувнэхуащ «Уи гъунэгъум дэIэпыкъу» жылагъуэ зэгухэныгъэм хэтхэм. Абы и унафэщI Сыжажэ Алим тхутепсэлъыхьащ гупым япэу ича лъэбакъуэхэм.

Сыжажэ Алим

- «Уи гъунэгъум дэIэпыкъу» зэгухэныгъэм ыкIи зэрыгъэпэщIэ Іуэхугъэр - щIалэгъуалэм я Іэдакъэщ1экIэхэм я Іуэхугъэ. Гъэмахуэ лагерь зэхуэтIэсри, дызэрыцIыхуу, ди Іуэху бгъэдыхьэкIэхэм дызэхуеплIу, дызэрыгуэтурэ дыкъэкIуэкIащ. Дызэхэплъэжщ, дызэпхыдэкIыкIри, гу лыпыттэжащ ди гупсысэкIэхэр зэрызэщхьэщыкIым, езым жиIэр фIэзэгъуэрэ нэгъэщIым и гупсысэр зыфIэмыхьымыщIэ зэрыщIым, зыгуэрым игъэхьыбарам псори тращIыхьэну зэрыхьэзэрым. Псоми тхэлъщ а хьэлыр. Псалъэм папщIэ, Кавказым, Кьэбэрдей-Балъкъэрым, ислъам диным теухуа хьыбар шынагъуэхэр нэгъэщIэщIыпIэхэм щхьэ щыIуэр? Щхьэ щыIэ апхуэдэ гупсысэкIэ? Щы-щыIэри? Дэ езым кьытхэкIа гуэрхэм я фэ кьыдалIэри аращ. Щапхъэ. Такси кьызэгъэувыIэ, сотIысхьэри, занщIэу ахъшэ естын хуейуэ кьызжеIэ. Си жагъуэ мэхъу. «Дауэ апхуэдэфэ кьызэплъа, кьызэгъэпцIэну щхьэ игутъэхха?» - согупсыс. Ауэ абы зыри и лажьэкъым. Лажьэ зиIэр япэкIэ абы и машинэм итIысхьа гуэрщ. ТIэурэ-щэрэ кьагъэпцIащи, абыхэм я фэ кьызэплъри, ещанэуи зыкъримыгъэгъэпцIэн щхьэкIэ Іэмал хуекIуэу аращ. Кьапщтэмэ, зыщIэзгъэгуэн хэлъхьам абы кьызжиIам, сыкъыщIымыцIыухкIэ, дзыхь кьыщIыхьхимыщIм и щхьэусыгъуэр кьызгрыпIуэн хуейщ. ЖиIар защIэу згъэзащIэмэ, сэри сыздеджьам щIэхыу сынэсынущ, езыми и гур псэхуэмыщ.

ЦIыхур щапхъэ дахэ зэрыхъуным, и лъэпкъым, хэкум, диным, адэ-анэм я щIыхьэр зэрихъэмэным хущIэхун хуейщ. Дыпсэльамэ, ди адэ-анэр фIыуэ тлъагъуу жьдIэ. Ауэ даруа ар кьызэрыщIэгъэльагъэр, псалъэкIэ мы-хъуу? Дауэ абыхэм я пщIэр зэрытIэтынур? Щхьэтхальхэ гъэсэныгъэр дгъэльагъуэрэ. Дымыгъэльэгъуэфрэ - жыIа пор псалъэ гъущэщ, пцIыщ. Ар яхуэгъэзащ лъэпкъми динми. «Сэ си диныр ууейм нэхърэ нэхъыфIщ» жыIэу нэгъэущIым и диныр ездуныкъ щIэздзэмэз, сысейр абы нэхъыфI щIэхъуныкIынукъым. Езыми си диныр ириудыжьыжынущ.

Мис апхуэдэ гупсысэхэм тещIыхьауэ кьызэдгъэпэщащ «Уи гъунэгъум дэIэпыкъу» сабий-ныбжьыщIэ зэгухэныгъэр. Абы и унафэщI щыщIыну я дзыхь кьыщIыкIынукъым. Ар ихуэгъэзащ Іэмал хуекIуэу аращ. Кьапщтэмэ, зыщIэзгъэгуэн хэлъхьам абы кьызжиIам, сыкъыщIымыцIыухкIэ, дзыхь кьыщIыхьхимыщIм и щхьэусыгъуэр кьызгрыпIуэн хуейщ. ЖиIар защIэу згъэзащIэмэ, сэри сыздеджьам щIэхыу сынэсынущ, езыми и гур псэхуэмыщ.

ЦIыхур щапхъэ дахэ зэрыхъуным, и лъэпкъым, хэкум, диным, адэ-анэм я щIыхьэр зэрихъэмэным хущIэхун хуейщ. Дыпсэльамэ, ди адэ-анэр фIыуэ тлъагъуу жьдIэ. Ауэ даруа ар кьызэрыщIэгъэльагъэр, псалъэкIэ мы-хъуу? Дауэ абыхэм я пщIэр зэрытIэтынур? Щхьэтхальхэ гъэсэныгъэр дгъэльагъуэрэ. Дымыгъэльэгъуэфрэ - жыIа пор псалъэ гъущэщ, пцIыщ. Ар яхуэгъэзащ лъэпкъми динми. «Сэ си диныр ууейм нэхърэ нэхъыфIщ» жыIэу нэгъэущIым и диныр ездуныкъ щIэздзэмэз, сысейр абы нэхъыфI щIэхъуныкIынукъым. Езыми си диныр ириудыжьыжынущ.

Мис апхуэдэ гупсысэхэм тещIыхьауэ кьызэдгъэпэщащ «Уи гъунэгъум дэIэпыкъу» сабий-ныбжьыщIэ зэгухэныгъэр. Абы и унафэщI щыщIыну я дзыхь кьыщIыкIынукъым. Абы щыIэхъэт теухуауэ мы зэлущIэм, ди диныр ездуныкъ щIэздзэмэз, сысейр абы нэхъыфI щIэхъуныкIынукъым. ЯщщэфIахэр кьатщтэри, жыIа хъуахэр щапIыж унэм дыкIуащ сабий зеиншэхэр, лъэпкъ центрхэм я лIыкIуэхэр ди гъусэу. ЖыжьыкIэфэкIэм я нэгу зедгъэужьащ. НыбжьыщIэхэм уэрэдкIэ, кьафэкIэ утыкур ягъэдзэжащ, нэхъыжьхэр кьаГъэфащ, я гукъыдэжьыр кьалэтащ. Гъэсэныгъэ мыхьэнэ зыбжанэ хэлъащ а Іуэхум: зи зеиншэр нэгъэущI зеиншэм дэIэпыкъуфу егъэсэнырэ, лъэпкъ зэмылIэужьыгъуэ дахэ куэд зэрыщыIэр ныбжьыщIэхэм кьегъэщIэнырэ, зэрыгъэщIыхуныр. Апхуэдэу, мыльку зэхуэтхъэсри дадэIэпыкъуащ зи псантхэр узхэм щеIэзэ сымаджэщым щIэлъэхьэм. Даун узыфэр зэфIэкI сабийхэм пщIэ кьызэдгъэзэпэщащ «Дыгъэ бынэм - махуэ уэфI» зэхьихьэр. Абыхэм я адэ-анэхэм егъэлеяуэ я гуапэ хъуат я бынхэм яхуэтщIа гупытэр. ЕдгъэкIуэкIащ «Гугъэ хъуаскIэ» концертыр. Абы кьыхэкIа мыльукмкIэ дадэIэпыкъуащ лышх узыфэ зыпкърыт сабийхэм.

ЩIыуэпсым и кьабзаагъэ щхьэхуэхэр щыIащ Бахьсэн кьалэ, Тэрч, Дзэлыкъуэ щIыналъэхэм. Иджы нэхъыр дыдубгъыу дыкуейц - районыкIэ кьудамэ кьыщIэзгъэпэщIыпхъэу кьыдолъытэ. Іэмал имыIэу сайт кьызэIутхыну ди мурадщ.

P.S. Сыжажэ Алим и нэIэ щIэт зэгугъэныгъэм и дамыгъэм кьыщIигъэльэгъуащ Іуащхьэмахуэрэ ди республикэм и ныпымрэ. Абы кьыбжьеIэ гулым я Іуэхущафэхэр зэрыкьабгъэр, я мурадхэр зэрыдахэр.

Епсэлъар
ГУГЪУЭТ Заремщ.

Безрокъуэ Еленэ и дежкIэ нэхъыщхьэр

Налшыкдас ныбжьыщIэхэм я зэхэщIыкIым, зэфIэкIым зыщрагъэжьжьу къалащхьэм дэт Iуэхущ1апIэхэм ящыщ Сабийхэмрэ ныбжьыщIэхэмрэ я творчествэм зыщрагъэжьжьу республикэ центрыр (ЦРТДЮ). Илъэс 40-м щIигъуэгу ябгъэ и унафэщIу УФ-м щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ Безрокъуэ Еленэ Уэсмэн и пхъур. Зи пашэхэм и дуней тетыкIэкIи, и Iуэху зехьэкIэкIи, и хьэл-щэнкIи щапхъэ яхуэхъуф, жэрдэмыщIэхэм я уэзщIакIуэ, лэжьыгъэр къызыхуэтыншэу эзэтэныублэ цIыхуэ Еленэ.

«ЛЭЖЬЫГЪЭМ и къызэгъэпэщыкIэкIэ абы ульэщIэмыхьэнми ярейц, ауэ удэхъуну ухущIэмыкIынущ зэрыпхулъэкIыи цIыIэкъым, сыту жыпIэмэ Еленэ хэлъ творческэ жьыджэрагъыщхэм, егъэджэныгъэгъэсныгъэ Iэнатlэм хуиI лъагъуныгъэ лъэщым малъхъэдисым хуэдэу узыщIешэри, - жаIэ Безрокъуэм и нэIэм щIэту ларжьэхэм. - ЩIэныгъэ куу зыбгъэдэлъ, зэфIэкI лъагэ, цIыху хэтыкIэ екIу зиIэ, акъыл жанкIэ Тхьэр зыхуэпса ди унафэщIым и псэльэкIэ къудейри удэзыхьэхщ, текIуэныгъэщIэхэм укъыхуезыджэщ».

Еленэ зи пашэ Iэнатlэм мы зэманым къалэныш-хуэхэр егъэзащIэ КъБР-м Егъэджэныгъэмкlэ, щIэныгъэмрэ щIалэгъуалэм я Iуэхуэмкlэ и министерствэм къепхаУ лажьэ зыужьыныгъэ центр зэмылIужьныгъэхэм я лжьыгъэр зэгъэуIуным хуэунэтIаУ. Абы кьыдэкIуэу Безрокъуэм пыщIэныгъэ инхэр яхуиIэщ зэреджэ программэмэ и лейуэ сабийхэмрэ ныбжьыщIэхэмрэ щадэлажьэ Iуэхуцlапlэм хуиI Кавказ Ищхьэрэ федеральнэ щIыналъэм итхэм. ЦРТДЮ-м щIэзэфIэх лэжьыгъэхэмрэ щекIуэкI Iуэху зехьэкIэ мардэхэмрэ абыхэм ящыщ куэдым я дежкIэ щапхъэщ.

ГъащIэм декIуэкIыфын, зи зэфIэкIхэмрэ зэчиймрэ нэсу къызыкIуэзыхьфу абыхэмкIэ лъагапlэщIэхэм нэсыфын цIыху насыпыфIэ гъэсэныгъэ Безрокъуэм и дежкIэ нэхъыщхьэр. «Гъэсэныгъэ екIу зыхэлъ щIэблэрэщ щIэныгъэм и нэхум хуэпшэфынур» къыхуеджэныгъэм щIэту егъалажьэ абы центрым и Iэщlагъэлlхэр, зи творческэ къулеигъэ инхэр зи гъэсэнхэм тыхь яхуэзыщI гуп зэкъуэтыр. Педагогикэ гупсысэкIэ жанрэ цIыху хэтыкIэрэ зыщIэ унафэщIым лъокI и лэжьакIуэхэм ящыщу дэтхэнэ зыми бгъэдыхьэкIэ хэха къыхуигъуэтын икIи абыхэм ябгъэдэль творческэ къулеигъэныгъэ зыужьыныгъэм нэсу иратыфынм гулъытэшхуэ хуещI. ЩIэблэм хэкупсэ гъэсэныгъэ яхэлъу, лъэпкъ хабзэмрэ щэнхабзэмрэ зыщIамыдзейуэ, хьэл-щэн дахэ яIэу, гудзакъэрэ хэльэтрэ ядэлъаГуу къэгъэтэджыныр - ахэращ Безрокъуэр зи унафэщI Iуэхущlапlэм щынэхъыщхьэхэр.

Зи Iэщlагъэм хуэпэж бзыльхъугъэ щыпкъэм бзыльхъугъэ къыхуэзыщIыр къыдэлажьэхэм я закъуэкъым, атlэ ар апхуэдэу я псалъэ гуапэ щыщIэркъым цIыхум и гъэсэну зэгуэр щытахэм. Еленэ абы зэрыщыIэрэ блэкIа иныжъ 40-м щIигъуэм къриубыдэу къалэдэс сабий щэ бжьыгъэхэм щадэлажьэщ центрым.

Апхуэдэ псэ хьэлэл лэжьыгъэр гулъытэншэ хъуркъым. Безрокъуэр УФ-м и щэнхабзэ, егъэджэныгъэ Iэнатlэхэм я унафэщIхэм я урысейпсо зэгухьэныгъэм хэтщ, «Илъэсым и бзыльхъугъэ-2005» цIэ лъагэр зыхуагъэфэща Еленэ СССР-м, УФ-м профтех егъэджэныгъэмкIэ я отличникщ, Урысей Федерацэм щыпсэу лъэпкъэм я I - IV Артадэхэм я лауреатщ. ЩIэблэр хэкупсэу гъэсэным хуищIа хэлъхьэныгъэшхуэм папщIэ КъБР-м и Правительствэм и ЩIыхь тыхьэр, Урысейпсо Жылагъуэ комиссэм кьыбгъэдэкI дыжьын медальр, нэгъуэщI фIыщIэ, щытхъу тхыльхэр, дамыгъэхэр къратащ.

ЖЫЛАСЭ Марит.

Бозий Зураб и макъ лъэщыр

Зи ныбжьыр илъэс 30 мы гъэм хъуа Бозий Зураб музыкэр зы махуи и гъэщIэм хэкIакъым 1990 гъэхэм я пэщIэдзэхэм сабийхэр япэ классым щыщIэтIысхьэкIэ, ядж предметхэм Iэмал имыIэу макъамэм зыщыхуагъаэсэ дерси хэтын хуейуэ ягъэувати, а зэман дахэм хиубыда Бозийри Налшык и 29-нэ школым и хорым хагъэхьащ икIи республикэм щекIуэкI зэхьыхьэхэм зыкъыщагъэлъагъуэу хуежьащ. Уеблэмэ Хэку зауэшхуэр зэриухрэ илъэс 50 зэрырикъур Урысейм щIигъэлъапIэм ирагъэкIуэкIа зэхьэзэхуэм Бозий Зураб зыхэт сабий хорым етIуанэ уваIэр щыгъэIэригъэхьат...

ЗУРАБ мы зэманым КъБР-м и Музыкэ театрым и артистщ, оперэ, классикэ, эстрадэ - и макъыр зыхуэмыщIа уэрэд лIэужьыгъуэ щыIэкъым. Моцарт Вольфганг и «Дон Жуан»-м Лепореллэ и ариер абы зэрыщигъэзащIэр зэхэзымыхам куэд фIокIуэд. Апхуэдэ зэфIэкIыр иIэн щхьэкIэ Бозийм и щыбагъ лэжьыгъэшхуэ кьыдэтщ: илъэс 13-кIэ музыкэ школым зыщигъэсащ. Гнесинхэм я цIэр зезыхьэ Урысей Академием щеджащ (Москва). «Музыкэмкlэ си япэ егъэджакIуэр нобэ «Амикс»-м и унафэщI Къул Амирщ. Абы псэкIэ зыхьизигъэщIащ макъамэр. КъыздэсыгъэщIащ зэрыщIыкIа, абы къыхэкIыу си зэфIэкIым махуэ къэс зэрыхэзгъэхъуэным сыхущIокъу. Мы зэманым Гъуазджэхэмкlэ Кавказ Ищхьэрэ къэрал институтым сыщоджэ, Урысей Федерацэм и цIыхубз артисткэ Гъэсашэ Наталье и деж», - жаIэ уэрэджыIакIуэм.

Бозийр Къэбэрдей-Балъкъэрым и радиоэм ирагъэблагъэ, 2003 - 2004, 2013 - 2014 гъэхэм дикторуу лэжьащ. Иджыпсту ар Горький Максим и цIэр зезыхьэ Урыс къэрал драмэ театрми долажьэ, спектакль зыбжанэм хэтагъэхъэщ. «Си щхьэгъусэр щIыпупсщ» гушыIэ спектакIым Бозийм щигъэзащIащ. Скотт Джимми и ролыр. Апхуэдэуи екъулIэныгъэ иIэу Эдмонд щIалэм и образыр «Пащтых Лир»-м къыщигъэльэгъуащ. А спектакль дыдэр Нэгъуей Мухьэдин и уней театрым адыгэбзэкIэ 2014 гъэм щагъэуващ. Зураб абыи ирагъэблагъэри, Теуваж Сулътан дэлэжьащ. Спектаклым Пир пащтыхэу хатащ. Гукъыдэж иIэу артистыр хохьэ театрым сабийжэм псысэ щыкIухэр щахуигъэувкIэ: «СфIэфIщ щIэблэм щхьэкIэ сэбэп сыхъуну», - жеIэ абы.

Бозий Зураб пэнакъыу куэдкIэ зэрызиужьыным зэрыхущIэкъур ди тхыгъэм къыхэщащ. Апхуэдэ зы унэтIныныгъэщ абы макъамэ зэрызэхилъхьэр (езым студие иIэщ). 2009 гъэм уэрэджыIакIуэм и зы лэжьыгъэ «Дуней псом и трэк нэхъыфIу 100»-м хэхуащ.

Адыгэ щIалэр здынэса лъагапlэхэм ящыщ Къэбэрдей-Балъкъэрым щекIуэкIа «Хэкупсэ уэрэдхэр» макъамэ зэпеуэм абы текIуэныгъэ къызэрыщихьар, апхуэдэ зэхьэзэхуэ дыдэ урысейпсо мыхьэнэ иIэу щызэхашами, ЩIыхь тхылъ къызэрыщыхуагъэфащар. Зураб кьихьащ «Долинск и макъ» музыкэ зэпеуэм и саугъэт зэхьыщхьэри.

Зи лэжьыгъэм гурэ псэкIэ бгъэдэт щIалэм мурадыфIхэр имыIэу щытхъум. Ар щIохьуэпс Дабагуэ Роман мы зэманым Урыс къэрал драмэ театрым щигъэув «Мадинэ» оперэм къыщыльыеса ролыр, Къасым ейр, зыхуей хуэзэуэ утыку кьриухьэну, Къэбэрдей-Балъкъэрым и симфоние оркестрыр щIигъуу артистхэр зыхэтыну пшыхь дахэ Налшык щрилъэсыкIа. Зураб щыгъуазэ дызэрищIамкIэ, илъэсыщIэ кьихьэм Музыкэ театрым дигъэгуфIэнущ «Севастополь вальс» лэжьыгъэмкIэ. Абы хэтынущ езы Бозийри.

БАГЪЭТЫР Луизэ.

Дызытехьэ 2015 Илъэсыщ1эр псоми я гъурлы яхуэхъуну. Куэдым абы идопх ди гугъапlэхэмрэ хъуэпсапlэхэмрэ ящыщхэр. Щрет ар мылъкушхуэу е узынщагъэ быдэу, щIэныгъэ куууэ е ехъулIныгъэ лъагэу, лъагъуныгъэ IэфIу е мамырыгъэ быдэу. Дэтхэнэм и дежкIи лъапIэ и фIыгъуэхэмкIэ Тхьэшхэр къыфхуэупсэну сыфхуохьэхъуэ.

ГъащIэм дызыщрихьэлIэ гугъуехьхэмрэ лъэпощхьэпохэмрэ ди лъэр щIамыгъэхуу, абыхэмдазэрытекIуэфын акъыл жанрэ гупсысэ нэхурэ дэтхэнэми ди гум Тхьэм кърилъхьэ. ЦIыхубэм я псэукIэр егъэфIэкIуэным хуэунэтIауэ ди унафэщIхэми я мурадыфIхэр къырегъэхуIэ. ЗэгурыIуэр зэуэнэри, а фIыгъуэр ди унагъуэхэм щытепщэу, дэрэжьегъуэ инрэ насып мыкIуэщIрэ диIэу куэдрэ уэзыншэу дыпсэуну, си лъахэзэгъу лъапIэхэ.

ДЫЩЭКI Марие,
КъБР-м и цIыхубэ егъэджакIуэ.
Щэджэм щIыналъэ, Лашынкъей кьуажэ.

Пщащэ IэпэIэсэ ДыщэкI Радимэ

Сыт хуэдэ зэманми ди лъэпкъым мыхьэнэшхуэ иIэу къилъытэу щытащ бзылъхугъэр гъэсэным. Бзэ IэфI, акъылыфIэ, щэныфIэ хъуным къыдэкIуэу, ар Iэщlагъэм хуагъасэрт. Адыгэ цIыхубзыр псом хуэмыдэу, хуэIэзэт дэрбзэр Iэщlагъэм. Иджыпрей ди гъащIэми, ди гуапэ зэрыхъунщи, ущрохьэлIэ адыгэ бзылъхугъэм и щапхъэ нэс пщащэ цIыкIуэхэм. Апхуэдэхэм ящыщщ Лашынкъей къуажэм къыщалъхуэ, ДыщэкIэ Анзорэ Мадинэрэ япхуэ Радимэ.

Радимэ я унагъуэм я нэхъыжьщ, дэлъху цIыкIуитI иIэщ. Абы кьуажэ школыр фIы дыдэу кьиухри КъБКъУ-м Декоративно-прикладной гъуазджэмкIэ и факультетым Iэпщlэлъапlщагъэм щыхуагъасэ и кьудамэм щIэтIысхьащ. Мы гъэм еплIанэ курсым щоджэ.

- Си анэм кьыхьзигъэхьинур нэгъуэщI Iэщlагъэт, ауэ си мурадыр кьыщащIэм, си адэм нэхъ кьыздиIыгъри, кьызэхъулIащ си хъуэпсапIэр, - игу кьеГэкIыж Радимэ.

Пщащэ цIыкIур дэрбзэр Iэщlагъэм зэрыссабийрэ дехьэх.

- Си анэ шыпхъуи зэрыджэгу хьэпшыптыгъэ кьысхуищIат сысабийуэ, ар зэрыдэ машинэ цIыкIут. АпхуэдизкIэ ар сигу ирихьати, си хьэпшыпи нэхъ лъапIэ дыдэу слъытэ хьуат. Си анэшхуэм и Iэрыгъэдэ машинэмкIэ си гуащэхэм хьэпшыпи цIыкIуэр яхуэзыдырт. Уеблэмэ, ар кьэзгъэсэбэнурэ, балигъ щыгъын гуэрхэри здыуэ кьыщIэздзащ, ИлъэсыщIэ пщыхьэщхьэм щыстIэгъэн бостеищIэт япэ дыдэу здыжар, - жеIэ Радимэ.

Радимэ зыхуеджэ Iэщlагъэр игу зэрырихьым хуэдэу, фIы дыдэу кьорхуэлIэ. Ильэсищым кьриубыдэу абы зригъэсащ бостей зэмылIужьныгъуэхэм я зэхэлъыкIэхэр кьигупсысыфу, ахэр дагъуэ имыIэу идыфу. Апхуэдэу абы кьызэригъэпэщащ адыгэ тхыпхъэхэр хэлъу, адыгэ фащэм хуэкIуэ иджырей бостей зыбжанэ. А фащэ гупым и фIыгъэкIэ, Радимэ кьыщыхуащ КъБКъУ-м кьыщегъажьауэ, Налшыки ди республикэм и щIыпIэ кьалэм и Iэдакъэщ1экI бостей хьэлэмэтхэм яГэдахэ кьалэм кьыщызэрагъэпэщ концертхэр езыгъэкIуэкI цIыхубз цIыкIуэхэр. Сыт хуэдэ Iуэхуми жэуапIныныгъэшхуэ хэлъу бгъэдэт пщащэ цIыкIум зэпымыууэ кьалэныщIэхэр зыхуегъэзывьэх икIи ахэр егъэзащIэ. И Iэщlагъэм епхауэ, зэпеуэ зэмылIэужьыгъуэ куэдым зэрыхэтам, абыхэм кьызэрыхэпэжыкIам и щIыхьэтщ Радимэ иригушхуэу зэрихьэ щIыхь тхылъу пшы бжьыгъэхэр. Абыхэм ящыщщ Щэнхабзэм и илъэсым теухуауэ КъБР-м щекIуэкIыну дауэдапщэхэр кьыщызэIуахым кьызэрагъэпэща гъэлъэгъуэныгъэм жьыджэру зэрыхэтам папщIэ кьыхуагъэфэща, Сэраль Мадинэ дизайнмкIэ колледжым гъэ кьэс щригъэкIуэкI «Стильный ансамбл» зэпеуэм Радимэ и Iэдакъэщ1экIхэр нэхъыфIу кьыщалъытуэ абы кьрата ЩIыхь тхылъхэр, нэгъуэщIхэри. Псом хуэмыдэу пщащэр ирогушхуэ «Машыкъуэ-2013» зэпеуэм текIуэныгъэ кьызэрыщихьам. Хьыджэбз IэпэIэсэм абы хуигъэзыра проектымкIэ и мурад нэхъыщхьэт фащэ дыкIэ, хэдыкI, дыщэидэ хуэдэ Iэщlагъэхэр кьыдэхьжыныр ди щIэблэм я бжьыкIэдзэн зэрыхуейм ди нэхъыжьхэм гу льегъэтэныр. Проектыр игъэзэщIэн папщIэ абы хухаха сом мини 100-р кьиГэсэбэлупрэ, Радимэ кьуажэ школхэм сабий гупхэр щызэхэущIэсурэ дерсхэр щригъэкIуэкIащ, дэрбзэр Iэщlагъэм, адыгэ фащэм и дыкIэм пщащэ цIыкIуэхэр дригъэхьэхьан папщIэ.

Дэрбзэр Iэщlагъэм кьыдэкIуэу ДыщэкI Радимэ адыгэ кьафэмэ дехьэх. Ар илъэситхуитI хэтащ «Кавказым и пшэплъэр» гупым, иужь илъэсхэм КъБКъУ-м зэрэдыкIуэ кьафэмкIэ и «Амикс» театр гупым кьыщофэ.

Адыгэбзэ дахэ зыIуры пщащэ Iэдэбым иIэ щэныфIэ цIыкIум иджыри мурад куэд иIэщ и Iэщlагъэм теухуауэ. Лъэпкъ Iэщlагъэхэр кьэгъэщIэрэщIэжьным и лъагъуэм техьа пщащэ цIыкIум и мурад дахэхэр кьехъулIэну ди гуапэщ.

ЩОДЖЭН Iэминат.

Сурэтыр **Къарей Элинэ** *трихащ*

Адыгэм псэ иIэм - иIэр Уэркъ къафэщ

...Уэ уи макъамэу
Дунейгъэдахэм
ЩIэдэIум и псэм зэуэ зехъуэж:
Гуаузм иIыгъыу
Зигу хъуари махэ
Гуфlэгъуэ IэплIэм занщIэу йохуэж.

Мы псалъэхэр адыгэ къафэм хуитхащ Тхьэгъэзит Зубер. УсакIуэм хуэдэ дыдэу лъэпкъ къафэм и щIыхьыр яIэту сыт щыгъуи утыку итщ «Кабардинка» къэфакIуэ гупым хэт щIалэгъуалэр. Абыхэм ящыщщ зэщхьэгъусэхэу Куэтэнщыхэ Руслан Каринэрэ (Щоджэнхэ япхуэщ). Иджыблагъэ абыхэм захуэдгъэзащ лъэпкъ къафэм иIэ мыхьэнэм, ар абыхэм гъащIэ зэрахуэхъуам, нэгъуэщI Iуэхугъуэхэми тедгъэпсэльыхьыну.

- КъэфэкIэ зэзгъэщIэнкIэ, ар си гъащIэм и Iыхьэ нэхъыщхьэ хъуныр зи «лэжьыгъэр» си анэшхуэ Тамарэщ, - кьыщIедзэ Руслан. - Ар пшынэ еуэрт, абы и макъамэм сэ зыдэсщIу сыкъыдфэрт. Нэхъ сыкъыздэкIуэтея иужькIэ, къафэм кьызэрымыкIуэу сызэрыдихьэхыр си адэ-анэм щалъагъум, «Кавказ пшэплъэр» сабий ансамблым сихагъэхьащ. 1997 гъэм кьыщыщIэдзауэ, илъэсищкIэ я гупым сыхэтащ. 2000 гъэм «Кабардинка»-м зэхъэзэнэщхуэ зиIэ Iуэхум сызэрихьэныр, сэри си зэфIэкIым абы сыщеплIыжьыну сыкIуат. Пэжыр жысIэнщи, си ныбжьым еГьытауэ фIыуэ нэхъ сыцIыкIут а зэманым. Апхуэдэу щыхъуэм, ансамблым и художественэ унафэщIыр кьызэупщIащ: «Уи адэ-анэр иръагъ?», - жиIэри. «НIIа», - щыжьиСIэм, гупым и къэфакIуэхэм ящыщ зы сыхъуIащ.

- А дакъикъхэм зыхэпщIэрэт дуней псом цIэрыIуэ щыхъуэ ансамбль лъэщ уззрыхэхуар?

- Шэч хэмылъу. Япэ махуэм щегъэжьауэ ноби сакъыу сыбгъэдохьэ си лэжьыгъэм. Кьызгуроlуэ адыгэ лъэпкъ псом дежкIэ мыхьэзэнэщхуэ зиIэ Iуэхум сызэрихьэныр. Лъэпкъ щэнхабзэрэ Гъуазджэрэщ дгъэлъагъуэр - а къалэнырэ жэуап зыпылъщ.

- Каринэ, ар гуапэт уэрэм нэхъ гъунэгъуу зыкъэдбгъэщIыхуамэ.

- Сэ Мысоостей (Аруан) кьуажэ сыкъыщалъхуащ. Курыт еджапIэм ятхуанэ классым сыщIэсу ГъуазджэкъэмкIэ сабий школым си зэчиймкIэ щыхэзгъэхъуэну сыщIэтIысхьауэ щытащ. Абы къафэм и щэхуэм дыщIихигъэгъуэзат «Кабардинка» къэфакIуэ гупым хэтэ Дзыхьмыщ1 Зарэ. 2007 гъэм Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым и «Къафэ» ансамблым сыкъыхьащ. Абы сыщIихуэзащ Руслан, «Кабардинка»-м сызэрыхьыхэр илъэс хъууэ аращ, ауэ къафэр псэуэ сэхэтщи, дыщымылажьэ зыгъэпсэхугъуэ махуэхэр, уеблэмэ къыщохьэлъэкI.

- Руслан, зэрысщIэмкIэ, КъБКъУ-м и биологие факультетым географиемкIэ и къудамэр къэбухащ. Уи Iэщlагъэм уриплъэжьн мурад уиIэ?

- Географием школым сызэрыщIэсрэ сыдихьэхырт, ауэ ар Iэщlагъэ схуэхъуным зэи сегупсысатэкъым. Си ныбжьэгъуэм сыщытрагъэгъуэщхуэм, ар къэзухащ. КъэкIэну зэманым, хэт ищIэрэ, зэзгъэгъуэта Iэщlагъэм сриплъэжьнкIи хъунщ, иджьпсту зыри схужьIэнукъым абы теухуауэ: си гупысэ псори зэтар къафэрщ.

- Зы Iэнатlэ фIыззрыIутым гугъуехь гуэрхэр къыхэкIрэ хьэмэрэ зы Iуэху зэрызэдэфщIэм лэжьыгъэм нэхъ фIытригъэгушхуэрэ?

- Апхуэдэу нэхъ тыншыххэщ. Зыщ ди сигу къокIыж щIэх-щIэхыурэ. Ар «Кавказым и дуней» зэхьыхэрт, щекIуэкIар Осетие Ищхьэрэ-Алание республикэрщ. «Кабардинка»-м «Уэркъ къафэр» дгъэлъэгъуащ. Пшыхь нэужьым фестивалым хэтахэр псори Iэнэм драгъэблагъат. Псом я ужьу «Кабардинка»-р пэшым дыщыщIыхьам, къызэхуэсауэ хъуар зэуэ зэщIэтаджэри, Iэгу тхуеуащ. Абы къыгъэлъагъэрт ди лъэпкъ къафэр дахэу, екIуу утыку къызэрихьар.

- Каринэ: Апхуэдэ зы гуфIэгъуэ махуэт Руслан зэрэ ислъэмей дыкъызэдэфэу «Урысей студент гъатхэ» зэхъэзэхуэм япэ увыIэр къыщытхъауэ зэрыщытари.

- Къэфэным нэмыщI, нэгъуэщI сытхэм фIыдихьэхэр: кино, театр, спорт?

- Руслан: «Кабардинка» ансамблым хэт къафэкIуэ зыбжанэ ди Музыкэ театрым долажьэ, балетым хэтщ. Абыхэм я зэфIэкIым тфIэгъэщIэнуэну дыкIэпоплъ. ДыкIуэ хабзэщ Щоджэнщ1ыкIу Алий и цIэр зезыхьэ Къэбэрдей къэрал драмэ театрым и спектаклыщIэхэм. Театр лэжьакIуэхэр езыхэри ди пшыхьэм къыдогъэблагъэ, зыр зыхунэсам адрейм зыщегъэгъуазэ. Щэнхабзэм нэгъуэщI уэхтыфIынукъым.

- «Адыгэ къафэр нэсу зэвгъэхъуIа хьэмэ иджыри зэлъэжьын хуей щыIэ?», - жысIэу Руслан Каринэрэ сащеупщIкIэ, тIуми зыжьэу жаIэ: «Хьэуэ. Ар и кIэм нэсу зэи пхуэзгъэщIэнукъым. Абы уигурэ уи псэрэ хэлъу зэ уб1ъдыхьамэ, сыт щыгъуи уэзгъэжьын бгъуэтынущ. «Къафэм и щхэу псори къэсхутащ», - жызыIэр а дакъикъэм щыуащ».**

Епсэлъар **БАГЪЭТЫР Луизэщ.**

Куэтэнщыхэ Руслан Каринэрэ

КъалэкIыхьым уфIегъэкI

Ди къэралым, абы хэт щIыналъэ щхьэхуэхэм къакIуа гъуэгуанэр къэхутэным дихьэх цIыхухэр нэхъыбэ хуащ иужьрей лъэхъэнэм. Псом хуэмыдэу гуапэщ, апхуэдэ Iуэхугъуэм щIалэгъуалэр зэрыдихьэхыр. «Лъэпкъ и зыпкъ кIуэдыкъым» адыгэ псалъэжьым тету, щIэблэр хущIокъу ди тхыдэм, хабзэм, щэнхабзэм я напэкIуэцI псори нэсу джыным.

СТАВРОПОЛЬ къалэм иджыблагъэ щекIуэкIа Урысейпсо щIалэгъуалэ творческэ зэпеуэм и утыку ирахьа лэжьыгъэхэр а унэтIыгъэхэрт зыхуэгъэпсар. Зэхьэзэхуэм нэхъыфIу къыщалъытахэм ящыщщ КъБКъУ-м Филологиемкlэ и институтым и магистратурэм и 1-нэ курсым щеджэ Дол Оксанэ и къэхутэныгъэ лэжьыгъэр. Абы хуагъэфащащ къэралпсо зэпеуэм и 2-нэ увыIэр.

Дол Оксанэ

- Ди Хэку иным и тхыдэм, абы щыпсэу лъэпкъхэм я гъащIэм увыпIэ ин щызыубыд Iуэхугъуэхэм теущIыхьат зэпеуэм хуэдэ Дол Оксанэ и къэхутэныгъэ лэжьыгъэр. Абы хуагъэфащащ къэралпсо зэпеуэм и 2-нэ увыпIэр.

- Ди Хэку иным и тхыдэм, абы щыпсэу лъэпкъхэм я гъащIэм увыпIэ ин щызыубыд Iуэхугъуэхэм теущIыхьат зэпеуэм хэтщ, «Илъэсым и бзыльхъугъэ-2005» цIэ лъагэр зыхуагъэфэща Еленэ СССР-м, УФ-м профтех егъэджэныгъэмкIэ я отличникщ, Урысей Федерацэм щыпсэу лъэпкъэм я I - IV Артадэхэм я лауреатщ. ЩIэблэр хэкупсэу гъэсэным хуищIа хэлъхьэныгъэшхуэм папщIэ КъБР-м и Правительствэм и ЩIыхь тхылъ, Урысейпсо Жылагъуэ комиссэм кьыбгъэдэкI дыжьын медальр, нэгъуэщI фIыщIэ, щытхъу тхылъхэр, дамыгъэхэр къратащ.

Долым и къэхутэныгъэхэм яIэ купщIэмрэ абыхэм къапэкIуа ехъулIныгъэмрэ куэдкIэ и фIыгъэщ щыта, филологие щIэныгъэхэм я доктор, Филологиемкlэ и институтым Кавказ Ищхьэрэм и лъэпкъхэм я литературэмрэ Iуэрыlуатэмкlэ и кафедрэм и пашэ ТIымыжь Хьэмыщ1э. УнафэщIым къэзрилъытэмкIэ, анэдэлъхубзэхэр тха лэжьыгъэр урысейпсо утыкум нэхъыфIхэм зэрыщыхабжар куэд и уасэщ бзэм и дежкIэ. ЩIэныгъэ стилым зэрызиужьым куэдкIэ, абы къеГэльэгъуэ адыгэбзэм «КъалэкIыхьми уэзрыфIихьфынур».

КЪАРДЭН Маритэ.

Ди газетым и къыкIэлъыкIуэ номерыр къыщыдэкIынур щIышилэм и 13-рщ.

Редактор нэхъыщхьэ ХЬЭФIЫЩIЭ Мухьэмэд

КЪЫДЗЭЫГЪЭКIХЭМРЭ РЕДАКЦIЭМРЭ Я ХЭЩIапIэр 360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Ленинным и цIэр зезыхьэ уэрам, 5.

«Тетраграф» ООО-м щытрадзащ. КъБР, Налшык къ., Ленинным и уэрам, 33.

Газетыр 1994 гъэм мэкъуауэгъуэм и 14-м Печатым и хунтныгъэр хъумэныкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ Iуэхущlапlэм №П-0065-м щIэту ятхащ.

Газетым Iэ щытрадзар сыхьэт 20.00-рщ.

Индексыр 51531 Тираж 3.648 Заказ №2561